ФИФI ФЫМЫГЪОПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪОПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№216 (21.624) ● 2009 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 17, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Урысейм и щIыхуэм - тыншыпIэ псори зиIэ псэупIэ езэгъырабгъу» лъэпкъ проект пэрытыр гъэзэщIэныкIэ ведомствоэм эдэай лэжьакIуэ гупым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м кыдигъэкIа Указ №139-УП-мкIэ кьищтам зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьным и Iуэхугъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. «Урысейм и щIыхуэм - тыншыпIэ псори зиIэ псэупIэ езэгъырабгъу» лъэпкъ проект пэрытыр гъэзэщIэныкIэ ведомствоэм эдэай лэжьакIуэ гупым, «Агропромышленнэ комплексым зегъэужьныр», «Узынщагъэ», «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проект пэрытхэмкIэ ведомствоэм эдэай лэжьакIуэ гупхэр кьэщтыным и Iуэхугъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м кыдигъэкIа Указ №139-УП-мкIэ кьищтам зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьаго, а гупым хэгъэхъон Гриневич В. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым УэхэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствомкIэ, гъэсыныхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщIыр (зэгурыIуауэ).

2. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м
№184-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и яп хэхыгъуэм и яп пленар зэIущIэр зэхэзгъэсыныр ар егъэкIуэкIыныр кьызэрэщыщымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и уполномоченнэ органым и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и IуэхукIэ» 2009 гъэм мэкъуаугъуэм и 8-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №26-РЭ-м и 29 статьям и пункт 5-м ипкъ иткIэ **унафэ сощI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и яп хэхыгъуэм и яп пленар зэIущIэр зэхэзгъэсыныр ар егъэкIуэкIыныр кьызэрэпэщыщымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и уполномоченнэ органу хэхьан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэр.

2. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм щэкIуэгъуэм и 11-м
№187-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2009 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м *№91-РП*

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13 - 14-хэм Налшык къалэм кьыщыхьуа гуэзвэгъуэр 2010 гъэм ильэситу зэрырикъум кьыхэкIыу:

1. 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13 - 14-хэм Налшык къалэм кьыщыхьуа гуэзвэгъуэр ильэситху зэрырикъум, апхуэдэу хабзэхьуэм органэм я лэжьакIуэу я къулыкъум пэрыту хэкIуэдахэм я фэепль махуэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIыныжкIэ кьызэрэпэщыщымкIэ комитет кьызэрэпэщын икIи абы хэтхэр кьащтэм мы унафэм и гуэдэным зэригъэзэжауэ.

2. КьызэрэпэщакIуэ комитетым хуэгъуэвын эффагъэкIыну лэжьыгъэхэм я планыр кьищтэну икIи ар гъэзэщIэнырэ кьызэригъэпэщыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын зыхуэфащэ Iуэхухэр егъэкIуэкIыным текIуэдэну мылькур хухихыну.

4. Мы Унафэм кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м кыдигъэкIа Унафэ №91-РП-мкIэ кьищтащ

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13 - 14-хэм Налшык къалэм кьыщыхьуа гуэзвэгъуэр ильэситху зэрырикъум, апхуэдэу хабзэхъуэмэ органэм я лэжьакIуэу я къулыкъум пэрыту хэкIуэдахэм я фэепль махуэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIыныжкIэ

КьызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр

Меркулов А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIэр *(кьызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIым и къудэзэщ)*

Чеченов А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIэр *(кьызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIым и къудэзэщ)*

ДышэкI М. Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къудэзэщ

Къуэшрокъуэ З. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и яп къуэдзэр

КIуэкIуэ М. В. - Тезырхэр егъэщыныныжкIэ федеральнэ кьулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Кульбаев Р. М. - Наркотикхэр зэрызэблагъэкIым кIэлыпльыныжкIэ федеральнэ кьулыкъым и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Кумыщ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ щынагъэншагъэмкIэ и советым и Секретарыр

Пащты Б. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьныгъэхэм ядэлажьэныжкIэ, щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министрыр *(кьызэгъэпэщакIуэ комитетым жэуап зыхь и секретарь)*

Сердюк В. А. - Урысей Федерацэм ЩынагъэншагъэмкIэ и федеральнэ кьулыкъым и Правительствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Томчак Ю. И. - кьэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр *(зэгурыIуауэ)*

Фыдз Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэнхабзэмкIэ и министрыр

Хьэгъэс З. А. - Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

ФИФI ФЫМЫГЪОПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪОПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№216 (21.624) ● 2009 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 17, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

ЗэхъуэкIынытъэхэр халъхьэ

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и органым и Президиумым и зи гугъу зэхэтащ. Ар иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и яп къуэдзэ Жаным Руслан.

ДЕПУТАТХЭР хэпльащ «Балигъ мыхьуэхэр щхьэрыуIыпщу щымытынымрэ абыхэм хабзэр кьызэпамыудынымрэ хуэунэтIауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэжьуэ Iэжьыгъэм и Iуэхукъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 17, 30 статьяхэм зэхъуэкIынытъэхэр халъхьэным теухуауэ» республикэм и законым и проектым. Ар кьызэхэсхэм я пащхьэ кьрилъхьащ Законым тетынымкIэ, хабзэр хьуэмэнымкIэ, жылагъуэ щынагъэншагъэмкIэ комитетым и унафэщI Бэшорэ Хьэмид. Абы зэрыжиIамкIэ, мы документыр ягъэхьэзыращ «Балигъ мыхьуэхэр щхьэрыуIыпщу щымытынымрэ абыхэм хабзэр кьызэпамыудынымрэ хуэунэтIауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм и Iуэхукъэ» Федеральнэ закону зэхъуэкIынытъэхэр халъхьэным теухуауэ» 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м кьащта Федеральнэ законым республикэм и законодательствэр ирагъэзэгъэжьын мурадкIэ. Президиумым и унафэкIэ ар Парламентым и зэIущIэм щыжаназ Iуэхур зэгъэщIыла комитетым.

ЗэIущIэм апхуэдэу щытепсэлыхьащ федеральнэ законэм я проектхэм ятеухуауэ Парламентым и комитетхэм ягъэхьэзыра тхыгъэхэм. Я нэхьыбапIэкIэ ахэр дабыгащ икIи абы республикэм и Парламентым и зэIущIэм щыхэплъэн папщIэ кьыщыхалъхьэну зэгурыIуауэ.

Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуIунымкIэ, регламентымкIэ, депутат щэнхабзэмкIэ комитетым и унафэщI Щыхьэлэ Зэирэт кьипсэльам едаIуэри, депутатхэм унафэ кьащтащ Макаров Анатолий Игорь и къуэм - «Прохладнэ» Iэщ лъэпкъыфIхэр щагъэхьу Iуэхущ Iапl э» ОАО-м и мэкъумэщ бригадэм и бригадирым, Ульбашев Хьэсэн Хьусей и къуэм - Шэрэдж муниципальнэ районым мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкIэ и управленэм и унафэщым, Шэрджэс Джульеттэ Хьэсэнбий и пхъум - «КъБР-м кьегъэщIыла Урысей мэкъумэщ центр» федеральнэ кьэрал Iуэхущ Iапl эм и къудамэм и микробиолог пажэм КъБР-м и Правительствэм и Щыхь тхылъыр етыным теухуауэ.

Президиумым и зэIущIэм хиубыдэу Правительствэм хухаха сыхьэтым докладхэр щащIащ КъБР-м узынщагъэр хьуэмэнымкIэ и министр Бицу Вадимрэ УФ-м Граждан зыхъуэмэжыныгъэм и IуэхуэмкIэ, кьызэрыкIуэ щыттыкIэхэмкIэ, кьэхъуа гуэзвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжьынымкIэ и министрерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Шагин Сергейрэ.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапl э.

КIыщ Мухьэдин и юбилейр ягъэлъэпIэнущ

● Гъуэджэ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къудэзэ ДышэкI Мадинэ иригъэкIуэкIащ Урысейм ХудожествэхэмкIэ и академием и действительнэ член, КъБР-м и цIыхубэ художник КIыщ Мухьэдин илъэс 70 зэрикъур гъэлъэпIэным зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIынымкIэ кьызэгъэпэщакIуэ комитетым и зэIущIэ.

ГУФIЭГЪУЭ дауэдапщэхэр 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м зэхэтынущ. А махуэм КъБР-м и Къэпкъ музейм художникым и лэжьыгъэхэм я гъэлэгъэнымгъэ кьыщызIуахынущ, Налшык къалэм дэт Музыкэ театрым гуфIэгъуэ зэIущIэ щекIуэкIынущ. А зэхьхьэм кьрагъэблагъащ нэгъуэщI къэралхэм щыщ хьэщIэхэр, ди гъунэгъу щIынадлъэхэм щыщ художникхэр. КIыщ Мухьэдин и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ теухуа тхылъ щхьэхуэ урысыбзэрэ инджылызыбзэкIэ кьыдагъэкIынущ.

КIыщ Мухьэдин Европэм ХудожествэхэмкIэ и академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием я действительнэ членщ. Иужьрей илъэсхэм Испанием щопсэу. ШэшIэн зауэм хэкIуэдахэм я бынхэм ядэIэпыкуным теухуауэ Лондон кьыщызэригъэпэщри, езым и лэжьыгъэхэм я гъэлэгъэгъуэныгъэ иригъэкIуэкIащ.

КОНАКОВ Хьэсэн,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl эм и лэжьакIуэ.



Хьэрычэтыщ Iэм зрагъэужь

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и президентым и пресс-Iуэхущ Iапl эм кьызэрэтамкIэ, 2010 гъэм федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу субсидие ахьшIэу сом мелуан 280-рэ Адыгейм кьыхуэутIыпщыщыну Урысей Федерацэм Экономикэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэм иджыблагъэ зыхуагъэзащI.**

АДЫГЕЙМ и президентым и пресс-Iуэхущ Iапl эм игъэхьзыра пресс-релизым кьызэрэхэщыкIэ, ахьшIэр республикэм и хьэрычэтыщ щыкIымрэ курытымрэ хуэутIыпщынущ. Дызэрыт илъэсым а Iуэхутэхэм щхьэхкIэ бюджет зэхуэмыдэхэм сом мелуани 130-рэ кьыхэкIынущ.

ТуризмэмкIэ зэпоуэ

***Адыгейм и Мэкъуэпэ районым щыIэ «Горная легенда» туризм бгъэм спорт туризмымкIэ зэхъэхуэ щекIуэкIащ. Абы щыхэпсуащ Адыгеймрэ Краснодар краймрэ я командэ 15, псори зэхэту спортсмен 70-м щIигъу ирихьэлIэу.**

ТУРИСТ зэхъэзэхуэр кьызэрагъэпэщащ Адыгейм Туризмэмрэ спортымкIэ и комитетымрэ Адыгей къэрал университетым и «Эдельвейс» спорт-турист центрымрэ. Абы щытекIуэхэмрэ кьыхэжаныкIахэмрэ дипломхэмрэ саугъэтхэмкIэ ягъэпажащ.

Москва - Сыхъум

АБХЪАЗ. ***Москва къалэ и правительствэм хэтхэр, Дужков Юрий я пашэу, иджыблагъэ Абхъазым щыIащ. Сыхъум кхъухьтэгъэ тельэтыкIыпIэм абыхэм щаIущIащ республикэм и президент Бэгъэлэщ Сергей.**

АБХЪАЗЫМРЭ Москва и правительствэмрэ сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, гуманитар-щэнхабзэ IэнатlэхэмкIэ зэдэлэжьэну, ерыскъыпхъэхэмкIэ зэдэIэпыкъуну зэгурыIуныгъэ зэращIылIащ.

ЗэIущIэ нэхъыбэм хэзыгъэ гуфIэгъэ концерт республикэм и къэрал филармонием щекIуэкIащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Лэжьыгъэншэ хъуркым

● Бахъсэн куей

Сыт щыгъуи хуэдэу, мы бжыгъэ зэ махуэхэм Iуэхущ хъуркым Бахъсэн куейм и мэкъумэщышIэхэр. Иджыпсту дунейр уафIэ зэрыщытыр къыгъэсэбэпуроу, абыхэм ещхьэрэкIыу нартыхур Iуахыж.

МыГъэм Бахъсэн къалэ округым къегъэщIыпIа губгъуэхэм нартыхур гектар 1766-м щыхасащ, абы щыщу гектар 1632-р гибрид лъэпкъым хуэдэщ. Гектар 600-м кьытраха силос тонн 27370-р щIымахуэ мэкъумэщым Iэщым хуагъэзащIтыльащ. Апхуэдэу тонн 14.500-рэ мэкъуу, тонн 4000 сенажу, тонн 21889-рэ хьэуаззу яIэщ.

Нартыхур Iуахыжыным кьыдэкIуэу бжьыбзэ вэн-сэнри иокIужкI. ЩIыр ягъэпIэжр, гъаз кьызытрахыжар зыкуэй хуагъаз, кьитхъ ящI, ягъэщагъэ.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

● Дин

Хьэжыщ макIуэ

Налшык икIри автобуситIкIэ ежьащ мы гъэм хьэжыщ кIэунэхэм ящыщ гуп.

А IУЭХУГЪУЭР кьызэрэгъэпэщащ Муслымэн дин Iуэхущ Iапl эм. Мадинэ макIуэр цIыху 55-рэ. Ахэр зэрыс автобусхэр Тыркум, Сириием, Иорданым я щIынальхэм пхрыкIынущ.

КъыкIэльыкIуэу щэкIуэгъуэм и 21-м цIыху 49-рэ гъуэгу теувэнущ. Ахэр Минводы аэропортым тельэтыкIынущ, кхъухьльатэкIэ Мадинэм щетIысэхьынущ.

● Шэджэм куей

Абдж завод ирагъажьэ

Шэджэм къалэм щаухуа абдж заводыщIэм и хьэкур падзащ.

ИДЖЫПСТУ предприятэр хэчыльауэ мэлажь, щэкIуэгъуэм икухэм и льэщагъ псомкIи ирагъажьэнущ. ЕнатIэщIэр зи жэрдэмкIэ яуха «ЛВТ» ООО-м проектым хилъхьащ сом зы мелардэ мелуан 330-рэ. Мелуан 900-м нэблагъэр «Урысейм и мэкъумэщ банк»-м къыIаха кредит ахьшIэщ. Абы щыщу мелуан 610-мкIэ Iэмэпсымэхэр кьащIэхуащ.

Илъэс къэс заводым продукцэу сом мелуан 800-м нэс и уасэ кьыщIихьэкIынущ, мелуан 211-м нэблагъэ налогэщ итыныщ. Щхьэхуэу лъжьэну линищым щыщу 2-р зэтраухуащ, Чехием щащIа IэмэпсымэхэмкIэ грамм 50-м кьыщыщIэдзауэ литри 3-м нэс зэрыхуэну банкIэхэр кьыщIагъэкIынущ. Езым хуэдэ предприятэхэм кьащхьэщыкIыу мы заводым щагъэуващ зыхуэмеижъ гъуэ кхьапльэхэр зыгъэкъабзэ, лъжьыгъэ псори техникэ Iэмалкъэ зэфIэзыгъэкIхьэку. Абы и фIыгъэкIэ Iуадэм кьыдэзыгъахуэ технологие пэрытымрэ гъуэзыр зыубыд иджырей фильтрхэмрэ кьагъэсэбэп.

Мы зэманым заводым щыхуэ 86-рэ щолажь. И льэщагъ псомкIи ирагъажьэмэ, 300-м нэблагъэм Iэнатlэ ирагъэщIынущ. Иджыпстукlэ предприятэм кьалэн нэхъыщхьэр щызыгъэзащIэр Ростов областым щыIэ абдж заводым и лэжьакIуэхэрщ. Абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэщагъэлlхэр ирагъаджэ.

ТЕУВЭЖЬКЪУЭ Беллэ.

Къэнэжа зэманым къриубыдэу

Дызэрыт илъэсым щыщу кьэнэжа зэманым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым ухэныгъэ зыбжанэ хьэзыр щащIынущ. Абыхэм яхэтщ завод, курыт еджапIэ, поликлиникэ, футбол щыIэжгу губгъуэхэр.

АРУАН РАЙОНЫМ щынагъэ пхъэнкIий, кIэрыхьубжьэрыху зэхэзыдзыну завод. Ухэныгъэ-монтаж джьыгъэхэр зэфIэкIащ, Германиемрэ Испаниемрэ кьраша Iэмэпсымэхэр ягъэуващ. Фигу кьэдгъэкIыжьащ мы Iуэхущ Iапl эр яухуэнымкIэ Iэрдэмыр республикэм и Iэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен кьыхилъхьауэ зэрыщытар. Заводыщ Iэр щрагъэжьэну Аруан районым щыIэ кIэрыхубжьэрыху идзыпIэхэм я мэкъакъуэу, республикэм и экологиер зэIагъэхьэ адрей куейхэми - псори зэхэту щыIэ идзыпIэ 308-м. Заводыр а псоми щракIут кIэрыхубжьэрыхуэр зэхэдзымэ пэлъэщIынущ. Абыхэм ящ щыкIэ кьыхахьынущ къэбгъэсэбэп хьуну хэлъыр (тхылъымпIэр, картоныр, гъущIыр, пластикыр). Кьахэмыгъэсэбэпыну кьанэ адрей кIэрыхубжьэрыхуэр зэкIуэщIапхэуэр абы хухаха щIыпIэ щхьэхуэм щыщIатIэнущ. Мы предприятэм лэжьапIэкIэ щIыху 35-рэ кьызэригъэпэщынущ.

Бахъсэн къалэм дыгъэгъазэ мазэм кьыщызэIуахынущ сабий поликлиникэм и унэщIэр. УхуахIуэхэм ар драгъэкIуейри и щхьэр кьыт-ралхьэжащ, зэрахьащ, пэшхэр кьызэрагъэпIыну системэр зэтраухущ.

Шэрэдж районым щыщ Зэрэгъыж къуажэм дэт курыт школыр реконструкцэ щIынкIи нагъэблэгъащ. ДяпэкIэ абы сабий саби хэтынущ. Прохладнэ къалэм дэт курыт школ №8-м хэту яуха унэщIэм еджаIуэ 640-рэ щIэхуэнущ. Ар щIыкIуэхэм тыгъэ уащIынущ илъэсыщIэм ирихьэлIэу.

Прохладнэрэ Нарткъалэрэ лэжьыгъэщхэу щокIуэкI алэрыбгъу зытельфутбол джагуIэхэр щIыным хуэунэтIауэ. Апхуэдэу Урыху кьуажэмрэ Тырныауз кьалэмрэ хьэзыр щIыхьунущ мини-футбол щыджэгу губгъуэхэр.

ТОЛАСОВЭ Екатерин.



Сыт щIызэпсальэр?

Урысейр Дунейпсо сату зэгухьныгъэм (ВТО) хьхьэным теухуауэ УФ-мрэ Евросоюзымрэ я кьыкIэлъыкIуэ зэIущIэр цыгъуаэ Брюссель щызэхэтащ.

Абы ди кьэралым и лыкIуэу щыIахэм я нэхьыщхьэщ Медведев Максим.

НэхьапIэуэкIэ Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий зэрыжиIамкIэ, Дунейпсо сату зэгухьныгъэм хьхьэным теухуауэ зэрызэгурыIуапхъэ псори 2010 гъэм зэфIэкIын хуэрий.

Илъэс 16 хьуауэ Урысейр ВТО-м хьхьэну ныжь итщ, ауэ ар абы кьехьулIэркъым. АтIэ, а зэгухьныгъэм куэд щIащ зэрыхагъахьэрэ Кубэри, Китайри, СССР-м щыщу щыта кьэралыщIэхэри. НэгъабЭ а Iуэхур зэфIэкIыныкIэ гугъапIэщIэуэхэр щыIат, ауэ Брюселми Вашингтони Москвам кьыпаубыдащ Сыбыр кьхъухьльатэкIэ кIуэным текIуэдэри мэзым кьыщIаш пхъэм и пошлинэри игъэмэщIэн хуейуэ. КIэщIу жыпIэмэ, ВТО-р кьыхуагъэтIыгъуэурэ, Урысейм кьыпахьну иужь итщ я фейдэ зыхэлъ унафэ псори.

Унафэ пыухыкIахэр щаубзыху

Мы гъэм щэкIуэгъуэм и 12-м Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий Федеральнэ Собранэм Зэрызыкупгъэзар нэIуэ кьхъухьащ.

Абы кьыхихьльхьа Iуэхуэм кьызэщIаубыдэ кьэралым и политикэ, экономикэ, социальнэ Iэнатlэ псори. Нобэ а Iуэхухэращ зытепсэлъыхьыр Урысейм и политик псори. Псальэм папщIэ, щыналъхэм щыIэ хабзэгъэуэ органэм я бжыгъэр зыубзыху зэхъуэкIыныгъэхэр законодательствэм етIанэгъэ и мэлыжьхьэ пщIондэ халъхьэн хуейуэ Президентым кьегъэув. Кьэрал корпорацэхэм теуха законым и проектыр ягъэхьэзырын хуейщ гъатхэпэ пщIондэ. Апхуэдэу, Федеральнэ законхэм я проектэ зэхалъхьапхъэхэм иджыри кьызэщIаубыдэ кьулыкъущIэхэм улахуэр кьызэрэхуабж щыкIэр, техническиегиещIэмрэ инноваци эмрэ я Iэмалыщ Iэхэр гъащIэм хэпщIынырэ, нэгъуэщI Iэхэрэ.

Кьэрал Iуэхукlэ

Урысей Федерацэм кьэралыщIэ Iуэхуэхэмкlэ и министр Лавров Сергей зэрыжиIамкlэ, Японием и МИД-м и унафэщI Окадэ Кацуя кьэрал Iуэхукlэ Москва кьэкIуэну зегъэхьэзыр.

- Ар кьеблагъэрэ, дызэпсальэмэ, Японием Урысейм-рэ я зэхуэщIыныгъэ езыгъэфIэкIуэн Iуэхуэхэр убзыхуэ хьуну согугъэ, - жиIащ Лавровым.

ЩIыдагъэ къащэху

- СохужьIэнукъым Урысейм щIыдагъэу къыщIишым и бжыгъэм хэгъэхъуэн хуейуэ, ауэ а бжыгъэм хэдгъэщIэмкIэ Iэмал зэримыIэр нэIуэщ, - жиIэ Урысей Федерацэм и Минэнергом и унафэщI Шматко Сергей.

Дауи, Урысейм кьыщIиш щIыдагъэр игъэмэщIэнуми нэхъыбэ ящIынуми зэпытар дунейм щызекIуэ уасэхэращ. Абы щыгъэми, щIыдагъэм и уасэр зэпIэзэрыткъым. Псальэм папщIэ, ар щэкIуэгъуэм и 13-м аргуэру доллар 0,8-кIэ ехри, зы баррелым доллар 75,26-р и уасэ хъуащ. ИтIани, «Блоумберг» агентствэм кьызэрэпльытмкIэ, щIыдагъэм и уасэр дяпэкIэ дэкIуеинущ, долларыр нэхъ пуд мэхьури. Хьэрычэтыщ Iэхэм фейдэ кьызыпахьыну щыта долларыр ящэжри, щIыдагъэр кьащIэху. Аркъуейри и щыхьэтщ ар дяпэкIэ нэхъ пуд зэрымыхьунум.



◆Студентхэм я дунейпсо махуэщ

◆Участковэ милиционерым и махуэщ

◆1933 гъэм СССР-мрэ США-мрэ дипломатие зэпыщIэныгъэ яIэ хьуащ.

◆Урысейм и газ обществэм Москва щрегъэкIуэкI «Урысейм и газ-2009» зи фIэщыгъэщIэ VII Дунейпсо зэхьхьэ.

◆ЩэкIуэгъуэм и 17-19-хэм Аш-хабад (Тыркуэмыным) щызэхэтынущ «Тыркуэмыным и щIыдагъэмрэ и газымрэ-2009» 14-нэ Дунейпсо гъэльэгъуэныгъэр.

◆ЩэкIуэгъуэм и 17-21-хэм Бахърейн щекIуэкIынущ Къуэкlыпlэ Гъунэгъум и дыщэхэкI хьэпшыпхэм я 18-нэ гъэльэгъуэныгъэ.

◆1920 гъэм Горскэ АССР-р кьызэрагъэпэщащ.

◆Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ зы дакьикъэм. Кьухьэкынущ сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 41-м.

◆Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикъэ 40-рэ

Планэлэр зыгъэхьэзырыр
ГЪУЩIО Зарифи.

Льэпкъ Iуэщыгъэ:

Куэд умыщIэми, пщIэр гъэтэмэм.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэдзыкIакIуэ тлъапIэхэ!

Фигу кьыдогъэкIыж 2010 гъэм и яп илъэс нэхъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэнэр зэрекIуэкIыр.

Илъэс нэхъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэлпIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щIыпIэдзэ хуэнущ республикэм и пощт IуэхущIапIэ псоми.

Ди индексыр 51531

Фырэ Руслан


ХьэфIыцIэ Мухьэмэд

Батыр Мухьэдин

Псыхуабэ къэзакъхэм къабгъэдэкI псалъэ


Щхьэбацэ Сыхьэтбий (*Адыгэ Республикэ*)

Ясаев Магомет (*Шэшэн Республикэ*)


Канунников Анатолэ и псалъэ

И лIыгъэр лIэщIыгъуэхэм къыхонэхукI

● *Лъэпкъ Iуэху*

Ди газетым зэрытетащи, Налшык дэт Музыкэ театрым щэкIуэгъуэм и 11-м гуфIэгъуэ зэхыхьэшхуэ щекIуэкIащ, адыгэ щIалэ Хьэшыр Чылар япэ дыдэ Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIрэ илъэси 180-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ. Ар къызэрагъэпэщащ Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр ЗэзыгъэуIу советым хэтхэм.

ПШЫХЬЫР езыгъэкIуэкIа КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **КIэмыргуей Валентин** япэ псалъэр иритащ щэнхабзэмкIэ министр **Фырэ Руслан**

-Мы гъэм бадзэуэгъуэ мазэм ди республикэм Iэтауэ щагъэлъэпIащ Iуащхьэмахуэ щыгу япэу цIыху зэрыдэкIрэ илъэси 180-рэ зэрырикъуар, - жиIащ министрым. - А Iуэхугъуэм тхыдэ-щэнхабзэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ар и зы Iыхьэщ Урысейм и лъэр Кавказым зэрыщыувам, къэралыгъуэм и щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм, апхуэдэхэри мымащIэу хэтащ бгым дэкIыну ежьа экспедицэм, я тхыдэм. Ди жагъуэ зэрыхъущи, зи гугъу тщIы Iуэхум иужьрей илъэсхэм псалъэмакъ мыфэмыц куэд иращIэкI, лъэпкъхэр зэпэщIэзыгъэувэ Iэмал хъуащ. Апхуэдэ псалъэ къезыхьэкIхэми я гугъэр зыщ: Iуащхьэмахуэ япэу дэкIа Хьэшыр Чылар мыадыгэу, атIэ къэрэшейуэ къыщIрагъэдзынырщ. Урысей къулыкъущIэхэм я жэрдэмымрэ IуэхущIафэхэмрэ кърикIуа ехъулIэныгъэу щымыту, ар зы лъэпкъым и лъапIэныгъэ щхьэхуэу зраубыдылIэну зыгуэрхэр хэтщ.

Ауэ тхыдэм и пэжыпIэм уригъуазэмэ, нобэ дгъэлъапIэ Iуэхугъуэшхуэм и къежьапIэр здэщыIэри ар къызыхэкIари урыс пащтыхьыдзэм и генерал, Кавказым щыIэ урысыдзэм и унафэщI Емануэль Георгий Iуащхьэмахуэ дэкIыну гуп къызэрызэригъэпэщарщ. Урысейми хамэ къэралхэми щыщ щIэныгъэлIхэр зыхэта а зекIуэм и мурад нэхъыщхьэр «Iуащхьэмахуэ и щыгум укъиту плъагъу Iэхэлъахэр джынымрэ нэгъуэщI щIэныгъэхутэ лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIынымрэт». ИкIи нобэ зи гугъу тщIыр Iуащхьэмахуэ дэкI япэ урысей экспедицэр зэрежьэрэ, абы и щыгу япэу цIыху зэрыдэкIрэ илъэси 180-рэ зэрырикъуарщ. Хьэшыр Чылар игъэлъэгъуа хахуагъэр къызэрехъулIар зи фIыщIэр ар зыщыщ лъэпкъракъым, атIэ урыс экспедицэм хэтхэм тегушхуауэ зэрыхэтарщ. Абы къыхэкIыу Хьэшырым и лIыгъэр зы лъэпкъым и закъуэкъым зыдалъагъупхъэр, атIэ ар Урысей псом и ехъулIэныгъэщ. КъыхэгъэщыпхъэщIуэхум теухауэ щыIэ дэфтэр тхылъымпIэхэм Хьэшыр Чылар зыщыщыр зэхэщIыкIыгъуэ дыдэу къызэрыщыгъэлъэгъуар: «Къэбэрдеишхуэмщежэх Налшыкыпсым къыIус къуажэ щхьэхуитым щыпсэу адыгэ щIалэ къызэрыгуэкI». Нэрылъагъуу щыт а Iуэхум лIэщIыгъуэрэ някъуэм щIигъукIэ зыми шэч къытрихьакъым, Чылар къэрэшейуэ къыщIезыгъэдзыну хуей «щIэныгъэлIхэм» я еплъыкIэхэр щIыдаIыгъын, пэжу къыщIалъытэн щхьэусыгъуэ щыIэу иджыри зыми къилъытэркъым. Апхуэдэ Iуэху зэхэзылъахъэхэм къэрэшей лъэпкъми пщIэ къыхуахьыфынукъым, адыгэхэм я щIыхьи ираудыхыфынукъым, ауэ лъэпкъитIым яку дэлъ зэхущытыкIэфIхэр, пцIы хэмылъу, хуабжьу къагъэтIасхъэ. Дэ дызэреплъымкIэ, хэкIыпIэр здэщыIэр зи гугъу тщIы махуэ лъапIэр зытеухуар къызэрагъэлъагъуэ жыпхъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ къызэдащтэнырщ, абы интернациональнэ лъабжьэ зэриIэр къагурыIуэнырщ. Абы папщIэ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академиемрэ ГеографиемкIэ Урысейпсо обществэмрэ я мыхъур зытелъ тхылъ (1829 гъэм генерал Емануэль и унафэм щIэту Iуащхьэмахуэ дэкIыну ежьа зекIуэм щIэныгъэ, щэнхабзэ, тхыдэ мыхьэнэуэ иIэм щыхьэт техъуэ экспертнэ документ) къыдэхын, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысейпсо Академиемрэ зэкъуэш республикитIым я къэрал къулыкъущIапIэхэмрэ зэгъусэу къызэрагъэпэща щIэныгъэ конференц ин егъэкIуэкIын хуейщ, - жиIащ министрым.

АдэкIэ къэпсэлъапIэр хуит хуащIащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр ЗэзыгъэуIу советым и унафэщIым и къуэдзэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**. Ар зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ адыгэ щIалэ Хьэшыр Чылар Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIам теухуауэ тхыдэм къыхэнам.

- Илъэси 180-кIэ узэIэбэкIыжмэ, 1829 гъэм и гъэмахуэку мазэм урыс пащтыхьыдзэм и генерал Емануэль зи пашэ щIэныгъэ экспедицэр ежьащ нэхъапэкIэ цIыху здынэмыса Iуащхьэмахуэ щыгу дэкIыну, - жиIащ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. - Ауэ гупым щыщу ар зыхузэфIэкIар Вольный Аул (Брамтэ) щыщ адыгэ щIалэ Хьэшыр Чыларщ икIи апхуэдэ щIыкIэкIэ урысей альпинизмэм лъабжьэ иритащ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, а зэманым екIуэкIырт Урыс-Кавказ зауэр, Урысейм, Тыркум, Персым, Инджылызым, икIи, зэрыгурыIуэгъуэщи, Кавказым щыпсэу бгырыс лъэпкъхэм я геополитикэ фейдэ зыхэлъ щIыпIэм щытыкIэр щызэщIэплъэ зэпыту. ИкIи апхуэдэ зекIуэ къызэгъэпэщыныр щIыналъэр джыным епха къудейтэкъым, атIэ урысыдзэр зыпэмылъэщын быдапIи лъагапIи зэрыщымыIэр псоми хьэкъ ящищIын мурад быди яIэт. Абы къыхэкIыу Iуащхьэмахуэ дэкIыныр, абы и хъуреягъым щыIэ щIыуэпсым и беягъхэр къэхутэныр зригъэхъулIэмэ, Урысейм и лъэр Кавказым нэхъри быдэ щыхъунут, апхуэдэ тепщэныгъэкIэ адрей къэралыгъуэхэр къемыныкъуэкъужыфын хуэдэу.

Ауэ къызыхэкIыр мыгурыIуэгъуэу а зекIуэм кърикIуахэм, псом хуэмыдэу Iуащхьэмахуэ япэу дэкIа Хьэшыр Чылар зыщыщ лъэпкъым шэч къытезыхьэ куэд щыIэ хъуащ. Сэ си мурадкъым абыхэм яхуэфащэ жэуап мы утыкум щестыну. Зи гугъу тщIы щIэныгъэ экспедицэм теухуауэ академик А. Я. Купфер итхыжар 1830 гъэм франджыбзэкIэ Париж къыщыдэкIащ, ар урысыбзэкIэ зэридзэкIащ КъБКъУ-м франджыбзэмкIэ щезыгъаджэ Мыд Н. Абы апхуэдэу зэридзэкIащ де Бессе «Къырымым, Кавказым, Куржым, Арменисм, Азие ЦIыкIум, Константинополь 1829, 1830 гъэхэм дызэрыкIуар» зыфIищауэ 1838 гъэм Париж къыщыдэкIа и тхылъыр. Зи гугъу тщIы тхылъхэм я мыхьэнэри я купщIэри нэхъри зыIэтыр ахэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа щIэныгъэлIхэр а зекIуэм зэрыхэтарщ, къекIуэкIа псори я нэкIэ ялъэгъуауэ зэратхыжарщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, Iуащхьэмахуэ дэкIыну ежьахэм я зекIуэр къазэрехъулIа щIыкIэр кIэрыху щымыIэу иджырейхэм ди пащхьэ кърлахьэжащ ар зылъэгъуахэу генерал-лейтенант, Кавказым щыIэ урыс пащтыхьыдзэм и унафэщI Емануэль, абы и адъютант, урысыдзэм и полковник Голицын, мэжэр щIэныгъэлI, къэхутакIуэ де Бессе, академикхэу Купферрэ Ленцрэ, бгылъэ инженер Вансович, дохутыр Щербатов сымэ. 1829 гъэм, бадзэуэгъуэм и 30-м экспедицэр Псыхуабэ щыIэ быдапIэм екIуэлIэжа нэужь, абы крикIуахэмрэ къызэрыщыхъуамрэ генерал Емануэль Кавказым щыIэ урысыдзэм и унафэщI Паскевич хуитхауэ щытащ.

Тхыдэ дэфтэрхэр щыхьэт зытехъуэ IуэхугъуэхЭр утыку кърихьа нэужь, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къытеувыIащ Хьэшыр Чылар мыадыгэу къыщIегъэдзыным зи фейдэ хэзылъагъуэ «щIэныгъэлIхэм» жаIэхэмрэ зэхащIыхьхэмрэ. Апхуэдэ щапхъэхэм щыщт Хачиров унэцIэр иIэу шыпсэм къыхэкIа къэрэшей щIалэр 1829 гъэм Iуащхьэмахуэ дэкIауэ жаIэу а Iуэхур Iэтауэ зэрагъэлъэпIар, абы и щIыхькIэ фэеплъ пхъэбгъухэр Карачаевск 2004 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м, Къарт-Джурт къуажэм 2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м къызэрыщызэIуахар. ГъэщIэгъуэнрати, къэрэшейхэм я «лIыхъужьым» и цIэр тхьэмахуэм и кIуэцIкIэ зыбжанэрэ зэрахъуэкIат. Япэ щIыкIэ Хьилар фIащащ, итIанэ Хьисэ, иужькIэ адэцIэ къыхуагупсысыжри «Мусэ и къуэ Хьисэ» хъуащ. Абыхэм зэхащIыхь псори КъШР-м щылажьэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэми Къэрэшей щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтми (?!) сыткIи даIыгъащ. Зи гугъу тщIыхэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжар Кавказ лъэпкъхэм я тхыдэм мыхьэнэшхуэ иIэу къыщыхъуа Iуэхугъуэм «дыщагъэгъуэзэну» икIи япэу Iуащхьэмахуэ дэкIа щIалэр зыщыщыр «къыдагъэщIэну» арат, генерал Емануэли абы и унафэм щIэту экспедицэм хэтахэми адыгэмрэ къэрэшеймрэ зэхагъэгъуэщауэ къытщагъэхъуну я гугъэу.

- Ауэ апхуэдэ щыуагъэ урыс пащтыхьыдзэм и генералым кIэрыплъхьэну нэхъ мащIэ дыдэрауэ къезэгъыркъым, нэхъыщхьэращи, «кIэрызэгъэнукъым», Емануэль щIэныгъэшхуэ зиIэ урыс дзэзешэу щытащи. ИкIи ар, Кавказ линием тет пащтыхь зауэлIхэм я Iэтащхьэ, 1825 гъэм щегъэжьауэ Кавказ линием и унафэщI, 1828 гъэм зы махуэм и кIуэцIкIэ Къэрэшейр къэзызэуа, Псыжь адрыщIкIэ илъэс зыбжанэкIэ щызэуа генералым адыгэмрэ къэрэшеймрэ хузэхэмыцIыхукIар пэжынкIэ Iэмал зимыIэщ! - жиIащ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. - Сыту ямыгъэгъуэщарэ атIэ экспедицэм хэта адрей бгырысхэр, псалъэм папщIэ, Къэрэшейм и уэлий Къырмщокъал Ислъам щхьэкIэ адыгэу жаIакъыми?

ХьэфIыцIэм къыхигъэщащ илъэси 180-рэ ипэкIэ Хьэшыр Чылар Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIам теухуауэ архивхэм яхъума зы пычыгъуэ: «Зы цIыху закъуэщ, ар адыгэ щхьэхуитхэм ящыщу экспедицэм хэтт, махуэм сыхьэтыр 11-м, зекIуэм сыхьэтий фIэкIа тримыгъэкIуадэу, Iуащхьэмахуэ и щыгум нэсыфар. Апхуэдэ лIыгъэм папщIэ Хьэшыр Чылар зи цIэ адыгэ щIалэм иратащ дыжьын ахъшэу соми 100».

Тхыдэм и пэжыпIэм тегъэщIауэ къэпсэлъахэм яужькIэ утыкур артистхэм хуит хуащIащ. КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Батыр Мухьэдин** жиIащ КIыщокъуэ Алим и псалъэхэр зыщIэлъ «Адыгэ уафэ, адыгэ щIылъэ» уэрэдыр, **«Нал цIыкIу»** сабий къэфакIуэ гупым «Махуэшхуэ ислъэмей» игъэзэщIащ.

Хьэшыр Чылар Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIрэ илъэси 180-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ ягъэува дыщэ дамыгъэхэр зыхуагъэфэщахэм яритыжын папщIэ, утыкум кърагъэблэгъащ Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр ЗэзыгъэуIу советым и унафэщI **Къалмыкъ Жылэбий**. Жылагъуэ, политикэ, щэнхабзэ лэжьакIуэу, къэрал къулыкъущIэу, хьэрычэтыщIэу, спортсмену, нэгъуэщI IэнатIэхэм IуэхуфIкIэ къыщащIэу цIыху 200-м хуагъэфэща дыщэ дамыгъэхэм щыщу №1-р иратащ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен**, ауэ ар лэжьыгъэ IуэхукIэ пшыхьым къриxьэлIэфатэкъыми, медалыр езым IэщIалъхьэну Iэмал яIакъым. Юбилей дыщэ дамыгъэр зыхуагъэфэща къэрал къулыкъущIэхэм ящыщщ КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ я УнафэщIхэу **Меркулов Александррэ Чеченов Ануаррэ**, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ **Къуэшырокъуэ Залым**, Налшык къалэ администрацэм и унафэщI **Хьэгъэс Залымджэрий**, министрхэу **Фырэ Руслан, Пащты Борис, АфIэунэ Аслъэн**, депутатхэу **Iэпщэ Заур, ЛIыхъугу Хьэжмурид** сымэ, республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ я Iэтащхьэ зыбжанэ.

Iуащхьэмахуэ цIыху зэрыдэкIрэ илъэси 180-рэ зэрырикъур ягъэлъапIэу мы гъэм бадзэуэгъуэ мазэм КъБР-м, КъШР-м, Адыгейм, Ставрополь крайм щыщ шу гупышхуэ генерал Емануэль и щIэныгъэхутэ зекIуэм и лъагъуэм ирикIуауэ щытащ. Абы хэта щIалэхэм дыщэ дамыгъэхэр яритыну а пщыхьэщхьэм утыкум кърагъэблэгъат Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр ЗэзыгъэуIу советым хэт **ГуэбэщIыкI Жантемыр**.

Егъэн Ибрэхьим зи пашэ адыгэ щIалэ гупым къищынэмыщIауэ, пшыхьым зыкърагъэхьэлIат Псыхуабэ (Пятигорск) щыщ къэзакъ шууейуэ мыгъэрей зекIуэм хэтахэм. Абыхэм къабгъэдэкI псалъэ гуапэ утыкум щыжиIащ **Баматов Валерий** икIи фIыщIэ яхуищIащ лъэпкъ зэныбжьэгъугъэмрэ зэрылъытэмрэ хуэгъэпса мыпхуэдэ Iуэху дахэ зэхэзышахэм.

- Адыгэ IуэрыIуатэм къызэрыхэщыжымкIэ, Iуащхьэмахуэ тхьэхэм я унапIэт, - жиIащ щIэныгъэхэм я доктор, юбилей дамыгъэр а пщыхьэщхьэм зыхуагъэфэщахэм, зекIуэлI гупым яхэтахэм ящыщ **ЦIыпIынэ Аслъэн**. - ЦIыху цIыкIум IуэхуфIкIэ, жыджэрагъкIэ, зэфIэкIышхуэкIэ къахэща гуэр илъэс къэс Iуащхьэмахуэ и щыгум дашырти санэхуафэ хуащIырт. 1829 гъэм апхуэдэ щIыхь Хьэшыр Чылар къылъысауэ арат гупым хэта псоми ефIэкIыу Iуащхьэмахуэ и щыгу ихьэн щIыхузэфIэкIар. ИкIи къыхэгъэщыпхъэщ абы лIыгъэ тIуащIэ зэрызэрихьар, сыту жыпIэмэ, лъэпощхьэпо псори къызэринэкIыу, щIыIэми уаеми пэщIэту зэрыдэкIыфам и закъуэкъым Хьэшыр Чылар и лIыгъэр зыхэлъар, атIэ тхьэхэм я унапIэу ялъытэу адыгэ лъэпкъым игъащIэ лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуа фIэщхъуныгъэм щымышынэу Iуащхьэмахуэ и щыгу зэрыдэкIыфарщ.

Музыкэ театрым къыщызэхуэса псори хуэтэджауэ, Iэгуауэшхуэ хуаIэту дыщэ медалыр иратащ лъэпкъым и нэхъыжьхэу, жылагъуэ лэжьакIуэхэу, щIэныгъэлIхэу **Нало Заур, Дэхъушокъуэ Мусэ, ХъуэкIуэн Хьэзрэталий** сымэ. Апхуэдэу юбилей дамыгъэр зыхуагъэфэщахэм ящыщщ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, ЩIДАА-м и академик **КIыщ Мухьэдинрэ** абы и щхьэгъусэ икIи менеджер **Мосс Жаклинрэ**, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ **Ацкъан Руслан**, гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ лэжьакIуэ, композитор **Согуэ Данил**, тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэрмокъуэ Хьэмид** сымэ, нэгъуэщI куэди.

Жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэу, КъБР-м щыIэ лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэхэу **Канунников Анатолэрэ Беппаев Суфянрэ**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президент **Ажахъуэ Къанщобий** сымэ хуагъэфэща дыщэ дамыгъэхэр ярытыжащ КъАХ-м и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**. Спортым и ветеранхэми, абы зэфIэкI хъарзынэхэр щызыгъэлъагъуэ щIалэхэми махуэшхуэм и щIыхькIэ хуагъэфэща дамыгъэ лъапIэхэр яIэщIэзылъхьэжар КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Тхьэгъэлэдж Светланэщ**.

КхъухьлъатэзехуэгъэунэхуакIуэ хахуэ **КIэрэф Анатоли** ящыщт а пщыхьэщхьэм щIыхь зыхуащIхэм, Iэгуауэшхуэ кIэ утыкум кърагъэблэгъахэм. Ауэ абы езым пщэрылъ щащIа къалэныр нэхъ лъапIэжт - Хьэшыр Чылар и щIэблэм къытехъукIауэ Хьэшыр, Чылар унэцIэхэр зезыхьэхэм къахэжанык1а щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ юбилей дыщэ дамыгъэхэр ярытыжын хуейт. Апхуэдэу абы утыкум кърigъэблэгъащ Чыларxэ ящыщу **Хьэсэн, Руслан** (пенсионерхэщ), **Хьэсэнбий** (Бахъсэн къалэм федеральнэ судьяуэ щолажьэ), **Заурбэч** (Нарткъалэ дэт химкомбинатым и къудамэм и унафэщIщ), **Владимир, Борис, Юрэ, Артур, Мухьэрбий, Альберт** сымэ, Хьэшырхэ ящыщу **Аскэр** (УФ-м и МЧС-м и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и къудамэм и унафэщI), **Михаил** (тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат), **Борис** (физкультурэмкIэ гъэсакIуэ), **Татьянэ** (КъБКъУ-м и егъэджакIуэ, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор), **Светланэ** (химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и егъэджакIуэ), **Хьэзешэ, Хьэжпагуэ, Юрэ** (пенсионерхэщ), Адыгэ Республикэм и лIыкIуэу УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым хэт **Хьэшыр Аслъэн**. Къызэхуэсахэми пшыхьыр къызэзыгъэпэщахэми лъэпкъым къыбгъэдэкI фIыщIэ яхуищIу къэпсэлъащ **Хьэшыр Аскэр**.

ГуфIэгъуэ пшыхьыр ягъэдэхащ, уэрэдхэмрэ къафэхэмкIэ яIэтащ КъБР-м, КъШР-м, Осетие Ипщэмрэ Ищхъэрэмрэ, Дагъыстан, Шэшэн, Ингуш республикэхэм щыщ артистхэм, ныбжьыщIэ къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ гупхэм. Махуэшхуэм и щIыхькIэ ахэр кърагъэблэгъат Дунейпсо Арткомитетым и Кавказ Ищхъэрэ къудамэм и унафэщI **Бейтыгъуэн Iэуес**. Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэхэу **Даур Иринэ, Тхьэгъэлэдж Светланэ**, АР-м щIыхь зиIэ и артист **Щхьэбацэ Сыхьэтбий**, Шэшэн Республикэм и цIыхубэ артист **Ясаев Магомет**, уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэу **Заманбеков Алибек** (Дагъыстан), **КIэрэф Иннэ** (КъБР), **Царикаев Алан** (Осетие Ищхъэрэ-Алание) сымэ. Къэрэшей-Шэрджэсым къикIа «Абазги» щIалэгъуалэ уэрэджыIакIуэ гупым игъэзэщIащ абхъаз-абазэ цIыхубэ уэрэдхэр, **Чурей Дыжьын** бжьамийкIэ игъэIуа «Мэзгуащэ и пшыналъэр» дахащэт.

НЫБЭЖЬ Таисэ.




КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI КIыщ Мухьэдин


Профессор ХъуэкIуэн Хьэзрэталий

Бейтыгъуэн Iэуес

Даур Иринэ уэрэд жеIэ.

Мамыщ Кашиф


КIэрэф Анатолэ

Чурей Дыжьын пшыхьыр егъэдахэ.

ГуэбэщIыкI Жантемыр юбилей медалыр ЦIыпIынэ Аслъэн ирет.

«Нал цIыкIур» къуэфэ.

«Абазэхэр» гупыр (*Черкесск къалэ*)

IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ

Уэ къащIэ

ЗЫ ЖЫЛЭ пщащэ дахэ дэст. И цIэр щыIум, пщащэм и унэм псэлъыхъу къихьэ хъуащ. Псэлъыхъуухэр щы хъурти, зыр икIмэ, адрейр къихьэрт пщащэм и унэм. Щыри зэрыщIэртэкъым, зэрымылъагъун хуэдэут пщащэм пIалъэ зэраритыр.

ПIалъэ ярит щхьэкIэ, псалъэ яритыртэкъым. И ужь щимыкIым, псэлъыхъуухэм ящыщ зым мыр жриIащ пщащэм:

- Уи фIэщмэ, цIыхум иджыри къэс ямылъэгъуауэ зы щIагъуэ гуэр къысхуэбгъуэтынщи, итIанэ сыбдэкIуэнщ.

- А щIагъуэр здэщыIэм сыщыгъэгъуазэ закъуэ - къыпхуэсхьынщ, - жиIащ псэлъыхъу щIалэм.

- ЩIагъуэр здэщыIэр уэ къэгъуэт, сэ щыгъуазэ узыхуэсщIынур абы узэрыкIуэну гъуэгурщ, - жиIащ пщащэм. - Уи шыуанэ зэщIэлъхьи, пщэдджыжь къакIуэ.

Ар дыдэр яжриIащ адрей тIуми - зым шэджагъуэр, адрейм шэджагъуэ нэужьыр яриухылIащ.

Япэр пщэдджыжьым къэсащ, гъуэгум хуэщIауэ.

ЩIалэм здрихьэжьэн гъуэмылэ игъэхьэзыракIэт пщащэм.

- КъуэкIыпIэмкIэ бунэтIынщи, жэщищ-махуищкIэ укIуэнщ, жэщищ-махуищкIэ укIуа нэужь, мэз лъапэм кхъужьей жыгыжь ущрихьэлIэнущи, абдеж щепсых, уи шыр лъахъи, хъупIэм иутIыпщхьэ. Жыг щIагъым ущIэсыху, гъуэгурыкIуэ къуихьэлIэмэ, мыр гъуэмылэщи, зэдэфшх, - жриIащ пщащэм пщэдджыжьым къэкIуа псэлъыхъу щIалэм.

Гъуэмылэр здищтэри, гъуэгу техьауэ, етIуанэ псэлъыхъур шэджагъуэм къэсащ. Абыи аращ жриIар - ари иригъэжьащ, гъуэмылэ иритри. Шэджагъуэнэужьым ещанэ псэлъыхъур къыдыхьати, ар дыдэр жриIэщ, гъуэмылэр иритри иригъэжьащ пщащэм.

Зыр пщэдджыжьым, зыр шэджагъуэм, зыр шэджагъуэнэужьым ежьауэ, шууищыр зэкIэлъхьэужьщ, зыр адрейм щIыхьэркъым, щыри зэрыщIэркъым.

Япэ итыр жыгеижьым нэсри, епсыхащ, и шыр илъахъэри, хъупIэм иритIыпщхьащ, гъуэмылэр къиищташ: «Гъуэгурык Iуэ къызихьэлIэмэ, дызэдэшхэнщ», - жери.

Шэджагъуэм ежьа щIалэри нэсащ жыгыжьым.

Ар иригъэпсыхри, япэ щIалэм и гъуэмылэр тхьэрыкъуэф Iэнэм къытрилъхьащ. ЕтIуанэм и нэр къихуащ:

- Дэнэ къикIа мы гъуэмылэр, хэт укъезыгъэжьар? - жери.

Гъуэмылэр къыздикIари къезыгъэжьари жриIащ.

- Сэри аращ сыкъезыгъэжьар...

Абы хэтурэ, ещанэри къэсащ. Ирагъэпсыхри, ирагъэблэгъащ. Абы и гъуэмылэри тхьэрыкъуэф Iэнэм къытрилъхьащ. Щыри зэплъыжащ. Пщащэм къариухылIари ябзыщIакъым.

- Пщащэм дигъэунэхун мурад ищIащ, - жаIащ псэлъыхъуухэм. - Нэхъ щIагъуэ хуэзыхьращ зыдэкIуэнур. Дышэсыжынщи, гъуэгу дытехьэжынщ, ауэ дызэщIыгъу хъунукъым. Мыбдеж гъуэгур щыуэ къызэхокIри, зыр ижьырабгъукIэ, адрейр сэмэгурабгъумкIэ, ещанэр ипэкIэ кIуэнщ. Хэт къыпэщIэхуэ щIагъуэри мы жыгеижьым деж кърырехьэлIэ - блэкI хъунукъым. Мыбдеж дыщызэрихьэлIэжмэ, нэхъ щIагъуэр дэр-дэру зэхэтхунщ.

АбыкIэ зэгурыIуэри, щIалищыр шэсыжащ. КIуэм-лъэурэ, жэщищ-махуищкIэ гъуэгу тетщ, щхьэж зрихьэлIа щIагъуэр къахьри, къагъэзэжащ. Щыри жыгеижьым деж щызэхуэзэжащ.

- Сэ гъуджэ къыспэщIэхуащ, - жиIащ зым. - Гъуджэм уиплъэмэ, узыхуейр плъагъунущ.

- Сэ алэрыбгъу къыспэщIэхуащ, - жиIащ етIуанэм. - Алэрыбгъум утеувэмэ, узыхуейм напIэзыпIэм унигъэсынущ.

- Сэ мыIэрысэ джабэплъ къыспэщIэхуащ, - жиIащ ещанэм. - МыIэрысэ джабэплъыр Iухуэмэ, лIэуэ телъыр къызэфIэувэжынущ.

- Гъуджэм дивгъаплъэт, - жари гъуджэм иплъэмэ, ялъагъур гузэвэгъуэщ: щыри зылъыхъу пщащэр и псэм йоджэри телъщ. АфIэкI зыщаIэжьакъым абдеж: алэрыбгъум теувэри, зи псэм еджэ пщащэм деж напIэзыпIэм нэсащ, мыIэрысэ джабэплъым ипс щыIуагъахуэм, пщащэр къызэфIэтIысхьэжащ.

- Фыкъэсыжа? - къащыгуфIыкIащ пщащэр.

- Дыкъэсыжащ, - жаIащ щIалэхэм, щхьэж къихьа щIагъуэм и гугъу хуащIащ. - Мис къэтхьар: хэди, нэхъ пфIэщIагъуэр къыхэх. Уэ къыхэпхымкIэ дарэзыщ.

Пщащэр хэдащ щIалищым къахьа щIагъуэхэм. Къыхихар уэ къащIэ...

Дыщи дыжьыни

ЗЫ ЛIЫЖЬРЭ зы фызыжьрэ псэурт, зыпхъу закъуэ яIэу. Фызыжьыр лIэн щыхъум, лIыжьым жриIащ.

- Ди хъыджэбз цIыкIур къыпхуонэ, фыз къэпшэжмэ, хуэсакъ, анэнэпIэсым иумыгъэшх.

Фызыжьыр лIэри заул дэкIауэ, лIыжьым къишэжын хуей хъуащ. АнэнэпIэсымрэ хъыджэбз цIыкIумрэ зэзэгъакъым.

- Уи пхъум сезэгъыркъым, унэм иху, - пиубыдащ фыз бзаджэм лIыжьым.

Хъыджэбз цIыкIур езыр икIащ унэм - и щхьэр ирихьэжьэри ежьащ. Гъуэгу здытетым, мэлыхъуэ лIыжь ирихьэлIащ.

- Дэнэ укIуэрэ, си хъыджэбз? - къеупщIащ мэлыхъуэ лIыжьыр.

- Си анэшым, - пцIы иупсащ хъыджэбз цIыкIум.

- Си щхьэ закъуэ си лъакъуитIщ, си хъыджэбз, схуэжьыщIэни схуэдыжэни сиIэкъым. ТIэкIу усхуэжьыщIэрэ усхуэдыжатэмэ, къыщыбгъэзэжкIэ сэри зыгуэркIэ сыпщхьэпэнт, - къыжриIащ мэлыхъуэ лIыжьым.

Гъуэгум дидзыхри, мэлыхъуэ лIыжьым хуэжьыщIащ, хуэдыжащ хъыджэбз цIыкIур, и гъуэгу теувэжри ежьэжащ. КIуэм-кIуэурэ, жэмыхъуэ лIыжь ирихьэлIащ хъыджэбз цIыкIур, абыи хуэжьыщIащ, хуэдыжащ. Шыхъуэ лIыжь ирихьэлIати, абыи хуэжьыщIащ, хуэдыжащ хъыджэбз цIыкIур.

И гъуэгу техьэжауэ здэкIуэм, жэщ къытехъуащ хъыджэбз цIыкIум. Уэздыгъэ нэху щилъагъум, абыкIэ игъазэри, зы унэ екIуэлIащ. Унэм нэжьгъущIыдзэ щIэст.

- Сытым укъысхуихьа, усшхынкъэ! - жиIащ нэжьгъущIыдзэм.

- Сумышх, - жиIащ хъыджэбз цIыкIум. - IуэхутхьэбзащIэ сыпхуэхъунщ.

- Си къаз хъушэр махуиблкIэ схуэбгъэхъунщ, - къриухылIащ нэжьгъущIыдзэм. - Бгъэм зы къаз ебгъэхьынщи, усIэщIэкIуэдэнщ.

МахуиблкIэ игъэхъуащ хъыджэбз цIыкIум нэжьгъущIыдзэм и къаз хъушэр. Бгъэм зы къази иригъэхьакъым.

- Арэзы сыкъэпщIащ, - къыжриIащ нэжьгъущIыдзэм. - УекIуэлIапIэншэщи, пхъу усщIынщ: сщIэр пщIэнщ, сшхыр пшхынщ. «Хьэуэ» жыпIэрэ - узоутIыпщыж. Арэзы сыкъыщыпщIакIэ, сынотэнщ: дыщи дыжьыни си куэдщ.

Дыщэрэ дыжьынрэ кърищ, гуимэм кърегъэтIысхьэщ, гъуси къыщIигъури, хъыджэбз цIыкIур къиутIыпщыжащ нэжьгъущIыдзэм. Шыхъуэ лIыжьым деж къэсыжри, шыхъуэ лIыжьым шы хакIуапцIэ кърита щ, шыр къыдэзыхуни къыщIигъуащ. Жэмыхъуэ лIыжьым жэм зэщIэс кърита щ хъыджэбз цIыкIум, мэлыхъуэ лIыжьыр мэл пакIэкIэ къыхуэупсащ. Дыщэмрэ дыжьынымрэ къишэщ, шыри, жэмри, мэлри къихури, хъыджэбз цIыкIур къуажэм къыдыхьэжащ, къуажэкIэм унэ щыхисэри и адэри зришэлIэжащ.

Фыгъуэр мыгъуэ мэхъу

- Бийм и пIалъэр ущыIущIэщ.
- Дзэм хамэ хэткъым.
- Уи адэ и гъуэгужьрэ уи адэ и благъэжьрэ умыбгынэ.
- Iущыр щэ мэчэнджащэ.
- ЩIакIуэ нэхърэ уэшх нэхъ благъэщ.
- Гур зэщыплъмэ, нэр мэплъакъуэ.
- Удэхуэха нэужь бгъуэтыжырщ ныбжьэгъур.
- Уи жагъуэгъум уи псэр ептми, уи щэху иумыт.
- Япэ джалэм ущIэмынакIэ.
- Уи мыгъусэ уи лъатэпс иумыгъапхэ.
- Уи ин жиIэнщ, уи цIыкIу иIуэтэжынщ.
- Ущысу укъэзымылъагъум утэджкIэ укъилъагъункъым.
- Фыгъуэр мыгъуэ мэхъу.
- Уи жьэ зэсэмэ, уи нэмыс мэкъутэ.
- Шыщхьэр пIэщIэкIмэ, шыкIэм укIэлъымыIэбэж.
- Шы зыгъуэт нэху тещхьэркъым.
- КIапсэр кIыхьмэ, фIыщи, псалъэр кIэщIмэ, нэхъыфIыжщ.
- Зигу мыныкъуэ уи гуныкъуэгъуэ хуумыIуатэ.
- Джатэм пиупщIыр мэкIыжри, жьэм пиупщIыр кIыжыркъым.

ЩIэблэм къахуренэ

СОСРЫКЪУЭ пхъэкIэн ищIри, игъэIуащ:

- Хэзгъанэри сукIынщ, сыхэзыгъанэри сукIынщ, - жери.

Нартхэ къыщыщтэри, къыдэджэгун игъуэтакъым.

Къыдэджэгун щимыгъуэтым, кIэныр и IитIкIэ зэригъажэурэ, и щхьэ хуэджэгуж хъуащ Сосрыкъуэ.

И щхьэ хуэджэгужу здэщысым, Сосрыкъуэ зы щауэ къыхуеблэгъащ:

- Сэ сыбдэджэгунщ, - жери.

Зэдэджэгури, щауэм Сосрыкъуэ къыхигъэнащ. Сосрыкъуэ и джатэр кърихащ:

- УзукIынущ, - жери.

- Сыт щхьэкIэ сыбукIын: хэнар уэращ, - жиIащ щауэм.

Сосрыкъуэ егупсысыжащ:

- Иджыри зэ дыджэгунщ.

Зэдэджэгури, Сосрыкъуэ щауэр хигъэнащ.

- Сыт жыпIэн иджы? УзукIкIэ емыкIу сиIэ? - жиIащ Сосрыкъуэ.

- УиIэкъым. Сыхэбгъэнащ.

Еуэн щыхъум, шым зридзри, щауэр IэщIэкIащ.

Щауэм лъежьэри, ихуурэ, зы Iуащхьэ щынэсым, щауэм Iуащхьэ къуагъым зыкъуидзащ. Сосрыкъуэ щауэр игъуэтыжакъым.

- Тхьэр къызэуи! Дэнэ щыбзэха мыр? - жери игъэщIэгъуащ Сосрыкъуэ, зиплъыхьри, Iуащхьэ джабэм зы гъуанэ къыщилъэгъуащ. Сосрыкъуэ гъуанэм ихьащ, Iэбэрабэурэ, бжэ ирихьэлIащ. Бжэр Iуихри, унэ къыщIэхуташ Сосрыкъуэ. Зы тхьэмадэ жьакIэху пIэкум исщ.

- ФIэхъус апщий, Сосрыкъуэ! - жиIащ тхьэмадэм. - Еблагъэ.

- Сызыхуеблэгъар сщIэркъым, - жиIащ Сосрыкъуэ, Iэнкун къэхъуауэ.

- Уи унэ зы щауэ нихьа? - къеупщIащ тхьэмадэр.

- Нихьащ.
- ПхъэкIэн укъыдэджэгуа?
- Сыкъыдэджэгуащ.
- БукIыну упылъа?
- Сыпылъащ.
- Щхьэ умыукIарэ?
- КъысIэщIэкIри, сыкъылъэщIыхьакъым.

- ПхъэкIэн къыбдэджэгуар сэращ, - жиIащ тхьэмадэм. - Сэ нартхэ сражэмыхъуащ. Дунейм сыкъытекIыжауэ хьэдрыхэ сисщ. Уи хъыбар щызэхэсхым, сигу техуакъым: пхъэкIэныр нартхэ къахэплъхьащи, хэбгъанэри букIынущ, ухэзыгъанэри букIынущ. Нартхэ бгъэщтащ. «Ар хъункъым!» - жысIэри, дунейм сынытехьэжащ, щIалэ ныбжьым сихьэжри. Мыхъуныр зыхэн, пхъэкIэныр нартхэ къахуренэ.

Жэмыхъуэм едаIуэри, Сосрыкъуэ пхъэкIэныр нартхэ я щIэблэм къахуигъэнащ.

Лей зепхьамэ

МЭЗ ЛЪАПЭМ пщыIэ щыхисауэ, зы бжэныжь псэурт. ХъуакIуэ щежьэкIэ, чыцI цIыкIуищым я тхьэкIумэр яхуикъузырт бжэныжьым:

- Бжэр къэвгъэбыди, сэ къэзгъэзэжыху, зыми хуIувмых, - жери.

Ар къажриIэрти, бжэныжьыр хъуакIуэ ежьэрт, пщыхьэщхьэ хъуху хъуакIуэрти, къекIуэлIэжырт, бжэм теуIуэрти, джэрт:

- Бжэр Iуфхи, сынывщIэвгъэхьэж: шэпIапIу къыфхуэсхьащ.

Я анэр макъкIэ къацIыхужырти, чыцI цIыкIуищым бжэр Iуахырт.

Махуэ гуэрым, бжэныжьыр хъуакIуэ ежьауэ, бжэм къытеуIуаIащ:

- Бжэр Iуфхи, сынывщIэвгъэхьэж: шэпIапIу къыфхуэсхьащ, - жери.

- Уэ ухэт? - жаIащ чыцI цIыкIухэм.

- Фи анэращ.

- Хьэуэ, - ядакъым чыцI цIыкIухэм, - ди анэр макъ псыгъуэщ, уэ умакъ гъумыжьщ.

Бжэм къытеуIуар дыгъужьрати, «сыкъаумысащ» жери, IуигъэзэыкIыжащ, кIыщым кIуэри, гъукIэм и пащхьэ итIысхьащ, и дзэр зэригъэшхыу:

- Си макъыр псыгъуэ схуэщI, схуумыщIмэ, усшхынущ.

- Абы щхьэкIэ зозгъэшхын? - жиIащ гъукIэм. - Уи щхьэр сыджым къытелъхьэ.

Дыгъужьым и щхьэр сыджым трилъхьащ, Iэдэрэ уадэрэ къищтэри, дыгъужьыжьым и тэмакъыр иуIуащ гъукIэм.

- «Си макъыр псыгъуэ хъуарэ мыхъуарэ къэсщIэнщ», - жери дыгъужьыжьыр мэлыхъуэ пщыIэм кIуащ, пщыIэм гъунэгъу зыхуищIри, къугъащ. Дыгъужьыжьыр щыкъугъым, мэлыхъуэхьэхэр къызэрехьэжьащ. Мэлыхъуэхьэхэр къыщыхьэзэрыхьащ...

хьэжьэм, дыгъужьыжьым кIэбгъу зищIыжащ: - «Си макъыр псыгъуэ хъуакъым», - жери.

КIыщым тригъэзащ дыгъужьыжьым.

- Си макъыр псыгъуэ хъуакъым, усшхынущ, - зыхузэкIэщIишащ гъукIэм.

- Абы щхьэкIэ зозгъэшхын? - жиIащ гъукIэм. - Уи щхьэр сыджым къытелъхьэ.

Iэдэрэ уадэрэ къищтэри, дыгъужьыжьым и тэмакъыр иуIуащ гъукIэм.

- «Си макъыр псыгъуэ хъуарэ мыхъуарэ къэсщIэнщ», - жери дыгъужьыжьыр мэлыхъуэ пщыIэм кIуащ, щыкъугъым, я щхьэр къаIэтри, мэлыхъуэхьэхэр къебэнащ, зэхэзещхъуэн ящIауэ.

- «Хъуакъым иджыри», - жиIащ дыгъужьыжьым.

И тэмакъыр гъукIэм иригъэуIури, дыгъужьыжьыр мэлыхъуэ пщыIэм кIуащ аргуэру, хьэмбыIуу тIысри, къугъащ.

Дыгъужьыжьыр къугъа щхьэкIэ, мэлыхъуэхьэхэм загъэхъеякъым - бжэн Iуейуэ къащыхъуащ. - «Ыхьы, хъуащ иджы!», - жери, дыгъужьыжьыр чыцI цIыкIухэм я деж жащ, бжэм теуIуэри:

- Iуфх! - жиIащ. - Фи анэр къэсыжащ, шэпIапIу къыфхуихьащ.

ЧыцI цIыкIухэр гуфIэри, бжэр Iуахащ. ПщыIэм щIэпкIэри, дыгъужьыжьым чыцI цIыкIуищыр иригъэлъэтэхащ, мэзым щIыхьэжри, и гъуэм игъуэлъхьэжащ.

Бжэныжьыр пщыхьэщхьэм къытехьэжащ пщыIэм, чыцI цIыкIуищыр игъуэтыжакъым.

- «Дыгъужьыжьым фIэкIакъым!» - жери, бжэныр мэзым щIыхьащ, жыр лэныстэ къищтэри.

Дыгъужьыжьыр жейуэ гъуэм илъщ. Дыгъужьыжьым и ныбэр жыр лэныстэмкIэ щызэгуипхъым, чыцI цIыкIуищыр къипкIыжащ. Мывэ из ищIри, дыгъужьыжьым и ныбэр зэгуидэжащ бжэным, чыцI цIыкIуищыр пщыIэм кьищэжащ.

ЖеинкIэ ирикъуа нэужь, дыгъужьыжьыр псафэ кIуащ, зыщригъэзыхым, псым щIильафэри, итхьэлащ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ.

Нартхэ я лIэужь

НАРТХЭ я хъыбар щызэхихым, зылI ежьащ:

- Мыпхуэдизрэ зи хъыбар зэхэтхым сахыхьэнщи, зэзгъэлъагъунщ, - жери.

Нартхэ я мэшыпкъэм нэсауэ, лIыр фызитI ирихьэлIащ.

- Мы шу цIыкIур дэнэ къикIа? - ягъэщIэгъуащ фызитIым, зыр Iэбэри лIыр уанэгум кърихащ, адрейм лIым и шыр иубыдри, лIыри шыри я унэ яхьащ.

- Фриджэгу, - жари пщIантIэм дэт щIалэ цIыкIухэм лIымрэ шымрэ иратащ.

ЩIалэ цIыкIухэр лIымрэ шымрэ зыбжанэрэ ириджэгуауэ, унэм зы лIыжь набгъэ исти, щIалэ цIыкIухэм я дыхьэшх макъ зэхихащ.

- Сыт ар? - жери щIэупщIащ лIыжьыр.

- Гъуэгум зы шу цIыкIу щрихьэлIати, уи нысэхэм къахьащ, - жраIащ тхьэмадэм. - ЩIалэ цIыкIухэр иродж эгу.

- Ар хъурэ! - шхыдащ лIыжьыр. - ХьэщIэр джэгупIэ ящI хабзэ? Хэт щыщми, хьэщIэщ. Унэм къифшэ.

ЛIыр нарт тхьэмадэм деж ирашащ.

- Сынабгъэщи, услъагъуркъым, уцIыкIур пэж? - еупщIащ нарт тхьэмадэр лIым.

- ФэркIэ сыцIыкIущ, сыкъыздикIакIэ сыаслъэнщ, - жиIащ лIым.

- Мыр вгъэхьэщIи, футIыпщыж, - унафэ ищIащ тхьэмадэм.

ЛIыр ягъэхьэщIэри яутIыпщыжащ. Я деж щынэсыжым, къеупщIащ:

- Плъэгъуа нарт? - жари.

- Слъэгъуащ, - жиIащ лIым. - Нартым деплъытмэ, дэ бадзэ дыхуэдизщ.

- Сэри сыкIуэнщи, зэзгъэлъагъунщ, - жери нэгъуэщI зыи шэсащ.

Нартхэ я мэшыпкъэм нэсауэ, шур фызитI ирихьэлIащ.

- Мыр зэрышу цIыкIу! - жари ягъэщIэгъуащ фызитIым. Зыр Iэбащ, шур уанэгум кърихыну. Шур щIопщкIэ къыхуилъри, фызыр къыIуигъэкIуэтащ, къащIэгубжьэри фызитIри мэшыпкъэм къыхихуащ.

ФызитIыр щтауэ унэм илъэдэжащ.

- Зы шу дрихьэлIати, мафIэр къыIуролъэлъ, - жари.

- Сыт и шыфэлIыфэ? - еупщIащ фызитIым.

- И шыфэлIыфэкIэ нартщ жыпIэнкъым, къыздикIари зыщыщри Тхьэм ищIэнщ, - жаIащ фызхэм.

- Фапежьи, къевгъэблагъэ, - жиIащ нарт тхьэмадэм.

Шум пежьэри, кърагъэблэгъащ.

- УкъыздикIамкIэ сыт ущилIыгъэ? - еупщIащ тхьэмадэр хьэщIэм.

- СыкъыздикIам сэ нэхъ гуащIэмащIэ искъым, - жиIащ хьэщIэм.

- Уэ нэхъ гуащIэмащIэ зыхэмытыр гъунэгъу къытхуэхъуамэ, нартхэмрэ фэрэ лIыфIыгъуэ дызэримыгъахуэурэ дызэрыухынущ, - жиIащ нарт тхьэмадэм.

Нарт тхьэмадэм и псалъэр пэж хъури, нартым я ужь адыгэр къинащ. Аращ адыгэр нартым я лIэужьщ щIыжаIэр.

Хъуэжэ и хъыбархэр

* * *

ХЪУЭЖЭ зы щай фIыцIэжь иIэти, Iэпыхури пхъэбгъу лъэгум дэхуащ. Щай фIыцIэжьыр къыщыхудэмыхыжым, Хъуэжэ и гъунэгъум деж екIуэкIащ:

- Дыжьын сом къызэ т, - жери.

- Дыжьын сом сыт зэрыпщIынур? - къеупщIащ и гъунэгъур.

- Щай фIыцIэжь сиIэти, сIэпыхури пхъэбгъу лъэгум дэхуащ, - жиIащ Хъуэжэ. - Щай фIыцIэжь щхьэкIэ пхъэбгъу лъэгур дауэ къисчын: дыжьын сомыр кIэлъиздзэмэ, пхъэбгъу лъэгур къытесчын къызэхьэлъэкIынукъым.

* * *

ХЪУЭЖЭ бэзэрым къикIыжри къуажэм дыхьэжащ. Бэзэрыр къехъулIатэкъыми, жылэр къигъэпцIэн мурад ищIащ Хъуэжэ. Уэрамыщхьэм лIы гуп щызэхэтти, ябгъэдыхьащ:

- Уэрамыщхьэм фыщызэхэтурэ кхъуейм фыхэкIыжынущ, - жери.

- Сыт кхъуей?

- Псыр къиури, къущхьэхъур къикъутауэ, кхъуей кърехьэх, - жиIащ Хъуэжэ.

Матэ къащтэри, цIыхур зэрехьэжьащ - ини цIыкIуи. Жылэр зэрехьэжьауэ щилъагъум, езыри якIэлъежэжьащ:

- Кхъуейр зэрапхъуэнурэ сыхэкIыжынущ, - жери.

* * *

ЗЫ ШУ блэкIырти, Хъуэжэ сэлам кърихащ.

- Еблагъэ, хьэщIэ утщIынщ, - жиIащ Хъуэжэ.

- ФIым дыхуиблагъэ, - жери шур къепсыхащ. - СыздэпIащIэ щыIэкъым.

ЛIыр пщIантIэм дишащ Хъуэжэ.

- Шыр дэнэ фIэздзэн? - жиIащ лIым.

- Си бзэгум къыфIэдзэ, - жиIащ Хъуэжэ, и бзэгур къридзри. «Еблагъэ» щыжриIэм, шур къепсыхащ, и гугъакIэм Хъуэжэ.

Зытхыжар КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыкущ.

Хэт нэхъ бзаджэ?

ЩХЬЭЛТЕТЫМ хьэжакIуэ къыхуэкIуамэ, баз япихьэурэ хьэжыгъэр яфIишх и хабзэт. ПцIы упсынкIэт баз зэрапихьэр. Хьэжыгъэр къэпым ирикIутэрт, къэпыщхьэр ипхэжырти, мыр къариухылIэрт:

- ПцIы дыупсурэ, сыптекIуэмэ, уи хьэжыгъэ къэпыр щхьэлым къыщIыбонэ, укъыстекIуэмэ, уи хьэжыгъэ къэпым си хьэжыгъэ къэпи ныщIызогъу.

Базыр яфIихьурэ, цIыхум яIэщIэужэгъуащ щхьэлтетыр. Абы нэсауэ, зы щIалэ бзаджэ щхьэлым хьэжакIуэ кIуащ. Зэрихабзэти, щхьэлтетыр къыпэуващ:.

- Баз дызэпихьэнщи, пцIы упсынкIэ сыптекIуэрэ - уи хьэжыгъэр щхьэлым къыщIыбонэ, укъыстекIуэрэ - уи хьэжыгъэм зы къэп ныщIызогъури, уи хьэлэлщ.

- Хъунщ, дызэпохьэ, - арэзы хъуащ щIалэр - Уэ къыщIэдзэ.

- КъыщIэздзэмэ, мыращ узэзгъэдэIуэнур, - жери щхьэлтетым пцIы иупсын щIидзащ. - Зы джэд сиIэт. Джэдыр унэм щIэзубыдэри, щхьэлым сыкIуащ. ТхьэмахуэкIэ тезгъэзакъым унэм. Тхьэмахуэ дэкIрэ сыдыхьэжмэ - джэдыр мэкъакъэри унащхьэм тесщ. Джэдыр кIэцIурэ джэдыкIэр унэм щIэз хъуащ, езыр уэнжакъымкIэ илъэтыкIыжащ. Бжэр щыIусхым, джэдыкIэр унэм къыщIэури, пщIантIэм дэз хъуащ. Хьэблэм афIэкIа Iузху диIэжкъым. Нобэми ныжэбэми дошх - илъэсым щIигъуащи, тхуэгъэкIуэщIыркъым, гуибгъу из джэдыкIэ хукIэ тхъуэжри, ху гуибгъу ди гуэным иткIутэжащ, - жери щхьэлтетым и псалъэр нигъэсащ.

- Ари содэ, - пещэ щIалэ бзаджэм. - Иджы сэ къызэдаIуэ. Зы адакъэжь диIэти, нэху мыщ щIыкIэ Iуэн щIидзэурэ дигъэжейртэкъым. «Мы хьэл Iейр зыхезгъэнынщ», - жысIэри, вакIуэ сыдэкIырти, адакъэр вапIэм схуащ, вым пэщIэсщIэри, махуиблкIэ сриващ. ПхъэIэщэм зэ хиукIэри, Iуэн щигъэтащ адакъэм. И пщэри бжьым трихати, сфIэгуэныхь хъури, Iэзэм деж сыкIуащ: «Схуэгъэ хъуж», - жысIэри. Дэ купщIэ ипIытщ, адакъэм и пщэм дагъэ къыщихуэри, Iэзэм сыкъиутIыпщыжащ. ПщIантIэм дэлъурэ, адакъэм и пщэм дэшхуей жыгышхуэ къикIыкIащ. Дэшхуейм дэ къыпыкIащ. «Зы дэ къыпызудынщ», - жысIэри дэшхуейм ятIэ шыкъыркIэ сыдэуеящ. ЯтIэ шыкъырыр жыг щхьэкIэм къинащ, уэшх къешхри жыгыщхьэм илъ ятIэ шыкъырыр щIытэм-щIытэурэ, вапIэ хъуащ. ЩIыр зващ, къэб хэссэри схуэбгъэгъуащ. Къэбыр къесшэлIэжащ, зы къэбышхуэ къыхэкIати, гум къысхуилъхьакъым. Къыщысхуимылъхьэм, сэшхуэкIэ сеуэри, къэбыр зэгуэзгъэхуащ. Къэбым щыхь хъушэ къыдэцIэфтащ, аркъэн ездзурэ щыхь хъушэр къэсхуауэ ди Iуэм итщ, Iусыр къысIэщIэухати, арaщ хьэжакIуэ сыкъыщIежьар, - жери щIалэм и псалъэр нигъэсащ.

- Сыпхьащ, - жиIащ щхьэлтетым, езым и зы хьэжыгъэ къэпи кърита, щIалэр къиутIыпщыжащ.

КIулацу

ЗЫ ЛIЫЖЬРЭ зы фызыжьрэ псэурт, бын ямыIэу. ЛIыжьыр вакIуэ дэкIын хуей щыхъум, пхъэIэщэр гум ирилъхьэри жиIащ:

- Зы щIалэ сиIатэмэ, выщхьэм тезгъэсынтэкъэ!

ЛIыжьыр вакIуэ дэкIауэ, фызыжьыр лъхуэри, щIалэ цIыкIу къилъхуащ. ЩIалэ цIыкIум КIулацу фIащащ.

- Уи адэр вакIуэ дэкIащ, гъуэмылэ хуэхь, - жиIащ фызыжь цIыкIум.

- Ар Iуэху! - жиIащ КIулацу, хъуржыныр и плIэм ирилъхьэри гъуэгу теуващ.

КIуэм-лъэурэ, гъуэгум шууищ щрихьэлIащ КIулацу.

- Дэнэ уежьа? - къеупщIащ шухэр.

- Ди адэм гъуэмылэ хузохь, - жиIащ КIулацу.

- Уи адэр гъуэмылэ хуэныкъуэкъым, - жари шууищым гъуэмылэр фIашхащ.

- Фэ дэнэ фежьа? - еупщIащ шухэм КIулацу.

- ДыгъуакIуэ докIуэ, - къыжраIащ.

- Сыздэфшэ! - жери защыкIэрищIэм, здашащ.

Шухэр здежьам нэсащ. Жэщ хъуауэ зы унэ екIуалIэри, КIулацу и пщэ къыдалъхьащ:

- Мыбы я Iуэм виплI итщ. Iуэм ихьи, зыв къиху.

Iуэм ихьэри, КIулацу къэгуоуащ:

- Iуэм нисхунур вы къуэлэн, вы джабэху, вы джэмыдэ, вы уэгуш?

- УмыкIий! ДыкъебгъэщIэнущ. Зыв къихуи, къикI Iуэм! - жаIащ шухэм, куэбжэм деж щытти.

КIулацу Iуэм зыв кърихури, шууищыр гъуэгу техьэжащ. Мэзым щIыхьэри, выр яукIащ, лэгъупыIэмпIэ зэфIадзэри, лыр халъхьащ. Псыр къыщытекъуалъэм, КIулацу, шухэм гу залъримыгъатэу, лэгъупым хэпкIащ.

- Си пэр ес! Си нэр ес! - къыхэкIиикIащ КIулацу лэгъупым.

Къэхъуар къагурыIуакъым шууищым: щтэри мэзым хэлъэдащ, шы Iуэхуи хэтыжакъым.

Лэгъупыр и дамэм фIидзэщ, зыш къэшэсщ, шитIыр Iэдэж ищIри, КIулацу ежьэжащ.

КIуэм-лъэурэ, шыбзыхъуэ ирихьэлIащ.

- Шищыр дэнэ къипха? - къеупщIащ шыхъуэр.

- Псынащхьэм шыбз гуартэ кърахулIауэ ягуэш, къыслъысыр къыхэсхуащ, - жиIащ КIулацу.

- СыхэкIыжырти! - жери шыхъуэр ежэжьащ. Шыхъуэр щежажьэм, шыбзыр ирихужьэри, КIулацу ежьэжащ.

КIуэм-лъэурэ, выхъуэ ирихьэлIащ.

- Шыр дэнэ къипхурэ? - къеупщIащ выхъуэр.

- Псынащхьэм шыбз гуартэ кърахулIауэ ягуэш, къыслъысыр къыхэсхуащ, - жиIащ КIулацу.

- СыхэкIыжырти! - жери выхъуэр ежэжьащ. Выхъуэр щежажьэм, выр къызэщIикъуэри, КIулацу ежьэжащ.

КIуэм-лъэурэ, танахъуэ ирихьэлIащ.

- Шыри выри дэнэ къипхурэ? - къеупщIащ танахъуэр.

- Псынащхьэм шырэ вырэ къахуауэ ягуэш, къыслъысыр къыхэсхуащ, - жиIащ КIулацу.

- СыхэкIыжырти! - жери танахъуэр ежэжьащ. Танахъуэр щежажьэм, шымрэ вымрэ танэ хъушэри къыщIигъури, КIулацу ежьэжащ, и адэм деж нэсри:

- Гъуэмылэ къыпхуэсхьащ, ди адэ! - жиIащ.

- Сэ къуэ сиIэкъым, уэ дэнэ укъикIа? - къеплъащ и адэр.

- ВакIуэ укъыщыдэкIа махуэм сыкъалъхуащ, - жери КIулацу епсыхащ.

Уэрэдыжь.

Сурэтыр СЭВКIУИЙ Хьэмид ищIащ. 2008 гъэ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

«Кабардинка» ансамблыр Аргентинэ щыIэщ. *1974 гъэ*

Махуэшхуэм и щIыхькIэ гъуэгуанэ тохьэ. *1957 гъэ*

Щы Iэщ щIыху и псэм и гъунэгъу, и гур зыхуэныкъуэ, и Iэпкълъэпкъыр зыщIэхъуэпсе дэжьыгъэр, лыхъуэ лей хэмыту, зыубзыхуф, занщIэу къэзыгъэт. Абыхэм ящыщ зыщ гъуэгуанэр зи гъащIэ гъусэу нобэм къэса, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыхьыбэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ я артист Адэкъей Мухьэмэд.

● Дифl догъэлъапIэ

Адыгэ къафэр псэкIэ зыхэзыщIэ

Къэбэрдейр Урысейм зэрырыкуэр щагъэлъапIэм хэта гуп. *Москва,1957 гъэ*

«Нартхэр» оперэ-балетым Адэкъей Мухьэмэд Батрэз и ролыр щегъэзащIэ. *1957 гъэ*

ИЛЬЭС 13 фIэкIа мыхъуу ар къащтауэ щытащ радиом и хорыр и уэрэджы-IакIу эу. Илъэсищкlэ абы хэтауэ зэфIэкI зиIэ, емызэшыжу зэлъжьыж щIалэщIэм и гумызагъэгъэр къалытэри, Къафэмрэ уэрэдымкIэ ансамблым (иужькIэ «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамбль хъужам) хагъэхьащ. КъэфакIуэр утыкушхуэм итыну зэрыхуит илъэс 20-ми къыщыфащ ар «Кабардинка»-м, илъэс 36-рэ фIэкIа мыхъууи пенсэм кIуащ. Арщхьэкlэ зи къару илыгъуэ Мухьэмэд и Iэр зэтридзэу тIысыжынт?! 1978 - 1980 гъэхэм ар Къэрал филармонием щылэжьащ. А зэманым кIриубыдэу Алэжьейр хэтащ ди къэралми къэнэжьу щIынальхэми щата концерт куэдым. И,ужькIэ «Нальчанка» къэфакIуэ гупым и балетмейстеру щытащ, абы и пашэу зэхьэзэхуэ Iэджэми кIуащ. Ар хэтащ режиссер Хьэжкъэсым Хьэсэн «Мосфильм»-м щытриха «Одноногая корова» лэжьыгъэм.

Илъэс 20 фIэкIа хъуатэкъым Алэкъей Мухьэмэд КъБР-м щIыхь зиIэ и артист цIэ лъапIэр къыщыфIащам. ИлъэсиплI дэкIри ди республикэм и цIыхубэ артист хъуащ, и ныбжьыр илъэс 30-м щынэсым УФ-м щIыхь зиIэ и артист щIыхьыцIэр къыхуагъэфэщащ.

ПэщIэдзэ

КъЭБЭРДЕЙР Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум 1957 гъэм ирагъэIэ щыта гуфIэгъуэхэм хэта дэтхэнэ зы цIыхуми игу кIигъэкIыжьын и мащIэкъым. Къэралым и къалащхьэ кIуэхэм я нэхъыщхьэжу (егъэлеиныгъэ лъэпкъ хэмылъу ансамблым апхуэдэу хужьыпIэ хъуну) гъуэгу утехьэу укъызыхэкIа лъэпкъым и пщIэр абдеж щыпIэтауэ укъэкIуэжыныр, шэч хэмылъу, Iу эжушхуэт.

- Республикэм и район къэс къыщыхахат уэрэд жызыIэфхэмэ кьафэхэмрэ, - игу кьегъэкIыж Алэкъейм. - Псори зы гупу дызрагъэIуэжри, Москва дагъэкIуащ. Абы яща программэм и нэхъыбапIэр, ятIэ дыдэу ди республикэм зызэрипщыта «Нартхэр» оперэ-балетри абы хэтыжу, дэрат зи пщэ кьыдэхуэр. Цыху 24-рэ дыхэтащ абы, кьэфэнри уэрэд жыIэнри зыдэзыхьыфэр дыкьыхахауэ. Псори фIы дыдэу, хэIэтыкIау э зэрекIуэкIам, пщIэуэ кьытхуащам и гугъу пщIыныр зы жэщмахуэкIэ пхуэмыухыным хуэдизщ, гухэхъуэу кьыдитари Iэджэщ. Ауэ си гум кьеуэр ар наIуэу уи нэгу къыщIэзыгъэхьэж с урэтхэмрэ видеохэмрэ дыззэримащIэрщ. Совет Армэм и Центральнэ Унэм зы с урэт зыгуэрым щыстрихауэ кьысхуэнащ, А тэлыкъ Асльэндж эрий кьафэу зы с урэтрэ дакъикьэ зыгIу хьу видеорэ кьэнащ ариныхьуамэ, нэгъэущ щыIэжьым...

Мухьэмэд и гукъэкIыж куэд зэпха махуэшхуэ зекIуэхэм ар я пэщIэдзэу жыпIэ хъунут. Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуэр ягъэлапIэщ, кьекIуэлIэкри, махуэпщI кьуэдей фIэжа дэмыкIыу а гъэзгу дыдэм теуваща «Кабардинка» ансамблыр - Москва щекIуэкI Еханэ Урысейпсо фестивалым хэтыну.

- Абы щыгъуэ тIэкIу дызэрыбэмпIам пцIы хэльхькым, - жеIэ Мухьэмэд. - Фестивалым накIуэ осетинхэм вагон щхьэхуэхэр яIэу, дэ дызэбгрыдзауэ мафIэгум дису дынэсащ кьалэлэхуэм. ДызрихьэлIар нэхъ гъэщIэгъуэныжьт - зыми дримыгъэблэгъауэ кьыщIэкIат! Гугъу дехьами, тхуэмыфащэу лей кьыттехьами, дыжьын медалыр кьэтхьри дунейпсо фестивалым кIуэнухэм дыхагъэхьащ. Зыми дыкьамыцIыхуу зэхьэзэхуэщхуэм дыкIуати концерт нэужьхэм, тIэкIу сызыщIитхъужьыщи, пщIэ кьызэрытхуащIым и нэщэнэу Iиттlкlэ сэлам кьыдахырт, абы дыщэ медали кьыщIитхьат.

«Кабардинка» ансамблым и зэфIэкIым, и утыку итыкIэ екIум, адыгэхэм яхэль гъэсэныгъэм и гугъу абы щыгъуэ ящащ Москва кьыщыдэкI газетхэм, радиомрэ телевиденэмрэ я журналистхэм. Я ехъулIэныгъэм дамэ кьытригъэкIауэ ансамблым и артистхэр кьыкIэлыкIуэ ильэсым Монголием кIуэри мазэкIэ щыIащ, гукъинэж концерт зыбжанэ абы щатащ.

Щы Iэбжьыб

- ДУНЕЙПСО фестивалым дыззэрыхэтам иджыри зы Iуэхугъэ уэфI кьишат, - кьыдогуашэ адэкIэ Мухьэмэд. - Абы щыгъуэ дыкьАгъуэтри кьытIущIащ нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу адыгэхэр. Йорданым, Сирием, Хьэрып Эмиратым, нэгъуэщI щыпIэхэми кьикIа ди лъэпкъэгъухэм ягъэщIагъуэрт дыкьызэрадзэгъур, ситу жыпIэмэ, ахэр зыщIагъэдэIур нэгъуэщI хьыбарт - хэкуэжьым адыгэ зыри щымыпсэужут. Москвэ дыщIэхукIэ дызыкIэрымыкIыу дызэгъусащ, уеблэмэ КъБР-м и Министрхэм я Советым и унафэщIу щыта Ахъуэхъу Асльэнбий дежь лъэIу письмо кьэттхри абы-зэм папщIэ щы не дгъэшат. Уи фIэщ зэрыхьун а щIыр зыщIамыхуам, кьэнахэр мыгъэхэм ильу здамышам!

Псэзэпылъ хьэпIэм Iуэхур нэсми...

ЩIАЛЭГЪУАЛЭМРЭ студентхэмрэ я 16-нэ дунейпсо фестивалу 1985 гъэм екIуэкIам кIуэри хуейт Алэкъей Мухьэмэд, программэр зыгъэхьэзыра Дашу Хьэшыр сымаджэ хъуати.

- Абы щыгъуэ си адэри сымаджэ хьэлъэти, «сыкIуэфынукъым» жысIа щхьэкIэ хъунутэкъым, тхылъымпIэхэр зэрагъэпэщат, обкомым кьыстрикъуэрт, - жеIэр Мухьэмэд, - и гукъэкIыжьым зэригъэнэщхьейр кьапщIэу. - Абы щыгъуэ сэ «Нальчанка» ансамблым срибалетмейс тер т, фестивалыр кьызэIуэзыхри зэхуэзыщIыжри а гупырт. Гуэ-вэгъуэгу си псэм тельт си адэм щхьэкIэ, си пщэм дэлъ кьалэнри инти Iэдэм сыдальхьауэ льэныкьуитIыжкIи сакъуэзым ещхьт. Ауэ гуапэу сигу кьэкIыжьыр зыщ: си фIыщIэр комсомолым и обкомымрами сщIэркъым, ауэ фестивалыр зэрекIуэкIа махуэ 40-м кьриубыдэм зы пщыхьэщхьэ кьэмынэу сыхьэтыр 16-м си адэм деж сыкьагъэпсэльащ. А зэманым ар пщIэшхуэт. Фестивалыр тэмэму зэфIэкIауэ сыкьэсыжри, сыхьэтитI фIэкIа дэмыкIыу си адэр дунейм ехьжащ. ЗгъэщIагъуэр и псэр кьызэрызэжьэфащ. Кьыузэпсэльэжакъым, ауэ сыкьыззэрищIм и щIыхьэту и нэхэм нэпс кьыщIэкIат.

Ильэс 70 гъуэгуанэ

ИЛЬЭС 70-р цIыху гъащIэм дежкIэ мащIэщ жызыIэни, куэду кьызыщыхьуни урихьэлIэнущ. Ар елыта кьыщIэкIынщ цIыхур зэррыншам е гугъу зэрехьам. Мы илъэсым си ныбжьыр ильэс 70 ирикIу Алэкъейм «а бжьигъэ уи дежкIэ сыт?» - жысIэу сыщеупщIым кьызжиIат:

- Ильэс 60 сыщыхъуам кьыщIегъэжьауэ сышынэм щIэздзауэ нобэр кьызэдэсым сыщтэIэщтаблэщ кьэзгащIэр куэдыIу э сфIокъ ури *(мэдыхьэшх)*. Ауэ апхуэдиз сыхъуу кьыстщыхъуркым, лIыжь сыхъуауи кьэсIыытэфырыкым. ГушыIэр хэхауэ жыпIэмэ, уи гъащIэм гугъуэкъ хэльа жыпIэмэ, мымащIэу хэлъащ, ауэ гуфIэгъуэ кьызыпэкIу э гугъуэкът. Тшхын щыдмыгъуэти щыIэт, ауэ дыззэрыгьт, зыхуей кьыщыкIыу дыхуэзэгу фIэкIа цIыхухэм кьедмыгъэщIэн тлъэкIыр. Зы кьэралым дикIыу адрейм дыщылъатэкIэ, зы кьалэм дикIыу адрейм дыщыкIуэкIэ, ди республикэм и кьуажэхэр кьыщыззэхэткIухькIэ дытшнаву э зыми хужьIэнукъым, арщхьэкIэ гуфIэгъуэт, дыкьызыых экIа лъэпкъым дыкуэлажьэртри, щэнхабзэр, гъуазджэр хъумэным хэльхьэныгъэ гуэр хуэтщIыртри. Зыкьыщыдгъэльагъуэ щыпIэхэми егъэлеяуэ гуапэу кьыщытIущIэт, зы концерт кьажэрт зэкIым кьэралым и унафэщIыр, министрхэм ящыщхэр щIэмысу. Абы дэ дамэ кьыттригъакIэми ярейт.

Цыхур зэпльэкIыжрэ кьигъэщIа гъащIэм ирипльэжкмэ, Iэмал имыIэу абы щыщ зы Iыхьэ гуэрым кьринасгъэзззжьны хуейуэ жиIэ хабзэщ. Алэкъейм дежкIэ апхуэдэщ 1966, 1980 гъэхэр. Езым дежкIи «Кабардинка» ансамблым дежкIи нэхъыфI дыдэу щытауэ ахэращ кьилытэр.

Мыхьэнэ зиIэ

- АНСАМБЛЫМ цIыхур щыхьхьэр илъэс 20 щыхъуам дежт, - жеIэ Мухьэмэд, - сэ 16 фIэкIа сымыхъуу абы сыкьыщыфэн щIэздзати, нэгъуэщI дуней симыIэу си гъащIэр зэрыщыту есташ. Iен фIым, тынщыгъуи гугъуекъи, гуныкьуэгъуи гухэхъуи дэсльэгъащ сэ а гупым. МыхъумыщIагъэ ящIэу щыслъагъукIэ си гур хэщIу, ехъ улэныгъэ щIэкIэ гух эхъуэм сызэщIнIэ тэу. Иджыпстуи арац: зы кьафэ екIуу ягъэувау э сльагъумэ, сабийм хуэдэу согуфIэ. Сыту жыпIэмэ - ансамблращ сэ си гъащIэр. Дэтхэнэ ди концертри фIы дыдэу сощIэж, дэнэ щIыпIэ сыт хуэдэу щыслъагъуэщIами, дэнэ деж утыкур укьыщIэфну тынщами е гугъуами схужьIэжьнущ.

Иджыпстуи гъащIэр гугъущ, ауэ «Кабардинка» ансамблым дежкIэ зэман Iей щыIэ хъунукъым. Хъунукъым ар ди щэнхабзэщи, ар ди хьугъуэфIыгъуэщи. Зы ильэс-ильэситI хуэдэкIэ нэхъ Iей хьууэ кIуэмэ, ансамблыр ильэс 15-кIэ кьыпхудэхьыжьнукъым, льэпкъым и щэнхабзэ зыужьныгъэр апхуэдиз пIалъэкIэ кьыззэтеувыIауэ жыпIэ хъунущ. «Кабардинка» ансамблымрэ Къэбэрдей кьэрал драмэ театрымрэ димыIэжмэ, адыгэр дыщIэжкъым, - жиIат уэрэджыIакIуэ Бэрэгъун Владимир. А зы псальэухар урикъунщ ахэр хъумэным дыхущIэкъун папщIэ.

Псори дыщыгъуазэщ бэрэжьей кьэсхыукIэ щIалэгъуалэр зэхуэсурэ Абхъазым и утыку адыгэ джэгу зэрыщIагъэкIуэкIым. Гуапэщ ильэс зыбжанэ и пэкIэ утыкум кьимыьхьжьыхьэу щыта ныбжьыщIэхэр кьэфэным зэрядихьэхьжар, абы гульытэ хуащI зэрыхьужар. ЩIалэгъуалэм я кьафэ кьыдэхьжьыкIэр кьызэрыщIкъым дыщигъэгъуэзэну Мухьэмэд сыщелъэIум кIэщIу жэуап кьызитат:

- Кьафэр ажэгъафэ джэгукIэм хуэбгъакIу э хъунукъым. Сыхуейкъым щIалэгъуалэм я жагъуэ сщIну, ауэ нэхъыбэм сиу кьагъэкIа ящ. Къэфэныр тынщ щыкIуу кьащцIхъуу си жагъуэ хуэ псалъэхэр кьыщызадз кьэхъурт сэ, «дахэу укъоф», ауэ ущылажьэр дэнэ?» – жаIэу. Ауэ щыхъукIэ «Кабардинка» ансамблым ухэтыныр кьызэрымыкIуэу гугъущ. Кьапщтэмэ, пщIыжьжьыкъым ушхэ хъунукъым репетицэм укIуэнущи, щэджагъуэ нэужьмиебгъэлеинкIэ Iэмал иIэкъым пщыхьэщхьэм концертщи. Мы Iэрысэ сфIэфI дыдэщ, ауэ уегъэбэгри, умышхмэ нэхъыфIщ. Аузр щыкIуфэжьуу, кьыпщохьу, ауэ ансамблым и лэжьыгъэр зэрызэхэльыр апхуэдэущ, мыхьэнэ зимыIу кьыщIыхьы у, ауэ куэд дыдэ зэлъыта защIэщ. КlэщIу жыпIэмэ, «Кабардинка» ансамблыр мазэм, вагъуэм хуэдэу кьытхэлIэу щытын хуейщи, абы и лэжьакIуэхэм гупым и пщIэр ирамыгъэхуэхыу яIыгъыну сыхуейт.

Зыгъэхьэзырар
ИСТЕПАН Залинэщ.

● Алыдж-урым бэнэкIэ

Дзэлыкъуэ куейм и бэнакIуэ ныбжьыщIэхэм я зэфIэкI



Иджыблагъэ Адыгэ Республикэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ зэхьэзэхуэ зэIуха щекIуэкIащ. Ар кьызэрагъэпэщащ Олимп чемпион Хьущт Асльэнбэч и щIыхькIэ. Медалхэм щIэбнащ Ставрополь, Краснодар крайхэм, Дагъыстэн, Осетие Ищхьэрэ-Алание, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ республикэхэм щыщ спортсменхэр, псори зэгъусэу бэнакIуэ 200-м щIигъу.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и щIыхьыр зэхьэзэхуэм щахъумащ Дзэлыкъуэ куейм и спорт школым и пъэжьхэм. Зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр щаубыдащ КIэблахьуэ Темураз (кг 32-рэ) Жыкъуэ Мухьэмэдэр (кг 38-рэ). Мэщыкъуэ Хьэзрэтэр (кг 32-рэ) ТишкIэ Астемыррэ (кг 38-рэ) ещанэ хъуахэщ.

Хъущт Асльэнбэч и цIэкIэ кьызэрагъэпэща зэхьэзэхуэ зэIухам щытекIуахэм кубокхэр, медалхэр, саугъэтхэр ираташ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэ гупыр зэхьэзэхуэм кIуэныкIэ щIэгъэжьауэщыхуэ хъуащ КIэблахьуэ Асльэнрэ ныбжьыщIэхэм я гъэсакIуэ Елчэпар Муратрэ.

ХЬЭМТУ МуIед

Сурэтым: (сэмэгумкIэ кьыщыщIэзгъэу) **КIэблахьуэ Темураз, Елчэпар Мурат, Жыкъуэ Мухьэмэд сымэ.**

Елъкъан Къазбэчрэ Ансыкъуэ Аскэрбийрэ я щIыхькIэ

● Фэеплъ зэпеуэ

Хабзэ хъуауэ, Хьэмидей кьуажэм илъэс кьэс щрагъэкIуэкI Елъкъан Къазбэч Хьэпагуэ и кьуэмрэ Ансыкъуэ Аскэрбий Къэралбий и кьуэмрэ я фэеплъ турнир. Мы щIалэхэр я дэжьыгъэ IэнатIэм пэрыту хэкIуэдауэ щытащ.

МЫ ГЪЭМ екIуэкIа зэпеуэми кьрихьэлIат щIалэхэм я ныбжьэгъуэхэр, Iыхьлыблагъэхэр. Футбол турнирым хэтащ Хьэмидей кьуажэм и командит I - нэхъыжьхэмрэ щIюлакIуэхэмрэ, Къазбэчрэ Аскэрбийрэ щыIэжьа, УФ-м и къэралми кьуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм и ОМОП-м и кьудамэу ди республикэм щыIэм и гупыр, «Ныбжьэгъухэр», «Урожайнэ», «Нартан» командхэхэр.

Зэпеуэр кьыдэIуихащ турнирым и кьызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ Щамырзэ Руслан.

- Зэхьэзэхуэм кьрихьэлIа псоми сэлам гуапэ фыдок. Елъкъан Къазбэчрэ Ансыкъуэ Аскэрбийр я фэеплъыр вгъэльэпIэну мы зэпеуэм фыкъокIуалIэри, абы папщIэ фIыщIи фхдэущI, ехъулIэныгъэ фиIэную ди гуапэщ, - жиIащ абы.

Апхуэдэуи кьэзгъэпэльащ Хьэмидей кьуажэ administracum и унафэщIыр, КъБР-м щыIэ ОМОН-м и унафэщIым и кьудзэ Афэщокъуэ Наурыз, Ансыкъуэ, Елъкъан пъэпкъхэм я нэхъыжьхэр.

- Дауи, мы зэIуущэм кьрихьэлIа дэтхэнэ зыри текIуэну хуэфащэщ, ауэ абы и пэ итщ мы щалитIым я щIыхь тIэнтщ жьфIэу фыкъызэребгъэлар. Къазбэчрэ Аскэрбийрэ я фэеплъ хэтыху щапхъэ къагъэлъагъуэу, щылажьэ Iэхущ IапIэм и пщIэр яIыгъыу я Iэнатlэм пэрытащ икIи я гъащIэм и нуэрыдей дахьикьжьэм и сыху хуэпэжащ ягъэзащIэ кьалэным. Ахэр IыхьлIэжаныIа дэтхэнэ зыми и цIэр щхьэхуэзу ираIуащ.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

● Прохладнэ куей

Къабзагъэр япэ ирагъэщ

ПРОХЛАДНЭ куейм егугъуу щагъэзащIэ дунейм и щытыкIэр хъумэным хуэхэха Iуэхухэр. Дикъэзыхухъуреихь дунейр хъумэным, апхуэдэу къуажэхэм щхъуантIагъэхэр щыгъэтIысыным теухуа лэжьыгъэхэм мы гъэм псори зэхэту сом мелуанрэ мин 290,4-рэ хуаутIыпщащ. А мылькумкIэ куэншыбхэр щрадзыным хухаха щIыпIэхэу 24-рэ ягъэтэмэмащ, куэншыб щрадзыну хуит ямыщIа щIыпIэхэу 13 ягъэсеижащ, псыхъуэхэр, къуэхэр ягъэкъэбзащ, куейм и жылагъуэхэм гъуэгубгъуэхэм Iуту щагъэкI жыгхэм яхэгъукIахэр кIраупщIыкIащ, Янтарнэ, Къэрэстащ, Малакановскэ, Алътуд, Пролетарскэ жылагъуэхэм жытыщIэу 500-м щIигъу щыхасащ.

Къуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм хуабжьу кьадэIэпыкъуащ мэкъумэш Iуэхущ IапIэхэм я унафэщIхэу, бэджэндыдылажьэхэу пщIэншэу техникэрэ Iэмэпсымэрэ кьезытахэр. ЩIыуэпсыр хъумэным ехьэлIа жылагъуэ лэжьыгъэхэм хашащ Iэнатlэ ямыIэу куейм кьыщыхатхыкIа цIыхухэр.

Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм финансхэмкIэ и кьудамэм зэрыщижаIамкIэ, 2010 гъэми къуажэхэм я бюджетхэм ахъшэ щыхухахынущ жылагъуэхэм я щIыналъэхэм щхъуантIагъэхэр щагъэтIысыным.

ЛУПЫРЕВЭ Иринэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛегИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **ЖьэкIэмыхъу Мариfar** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Ширдинэ Мариfar** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ),**Гъурыкъ Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зарифэ, Кьардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ я къатэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэуэ Iуэхущ IапIэхэм я дзлъжьэныкъмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; ешъ джэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ IапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщIэтэ Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэрэ зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэныту щыткым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьынымрэ и щIэ дальщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.
Газетыр щиныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ягъуащ.
Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыта Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Льостэн Мурат, корректорхэу Пхытlыкl Юрэ** *(1,2-нэ нап.),* **Банэ ФатIимэ** *(3,4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Долт Маринэ, ГъукIэлэ Рае, Щомахуэ Марианнэ, сурэттыщI Бицу Аминат.**

Номерыр "Адыгэ псальэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытраащ сыхьэт 21.00-рэ.

Индексыр 51531 Тираж 10.008 Заказ №3642